-: гъэмахуэ дыгъэ, ц1ыху узыншэ, к1эт1ий нэф
-: сабийр къэушащ, мэкъу дыгъэл, дыщэ сыхьэт
+: сабий дыгъэ, ц1ыху дыщэ, псалъэ узыншэ
-: уэздыгъэнэф, уэлбанэ дыгъэ, псалъэ зэхэлъ
I: ТЗ 189 Тема 7-0-0
S: Дыщэ псалъэм и мыхьэнэр зэхьэк1ауэ къыщок1уэ:
-: дыщэ къыщ1эхын
-: дыщэ сыхьэт
+: ц1ыху дыщэ
-: дыщэ пхъуантэ
-: дыщэ идэн
I: ТЗ 190 Тема 7-0-0
S: Полисемия терминыр бзэщ1эныгъэм къегъэсэбэп мыпхуэдэ мыхьэнэ и1эу:
-: мыхьэнэ зэпэщ1эуэ зи1э псалъэ
-: мыхьэнэ зэгъунэгъу зи1э псалъэ

+: мыхьэнэ куэд зи1э псалъэ
-: мыхьэнэ зэпэжыжьэ зи1э псалъэ
I: ТЗ 191 Тема 7-0-0
S: Зи мыхьэнэр зэхьэк1ауэ къэгъэсэбэпа псалъэ хэтщ:
-: Гъэмахуэ дыгъэм тафэ бейр къызэщ1егъаплъэ.
-: Дадэ мэкъу дыгъэл унэм къишэжащ.
+: Умыгузавэ, си нанэ дыщэ, л1ы ищ1ынщ уи къуэр 1эшт1ымым.
-: Нанэ бжэщхьэ1ум къытеуващ, уэздыгъэнэф пыгъанар 1эщ1эту.
I: ТЗ 192 Тема 7-0-0
S: Дыщэ псалъэм и мыхьэнэр зэхьэк1ауэ къыщок1уэ:
-: дыщэ къыщ1эхын
-: дыщэ тхьэгъу
+: дадэ дыщэ
-: дыщэ пхъуантэ
-: дыщэ идэн
I: ТЗ 193 Тема 7-0-0
S: Мыхьэнэ куэд зи1э псалъэм йоджэ:
-: антонимк1э
-: омонимк1э
+: полисемияк1э
-: фразеологизмк1э
I: ТЗ 194 Тема 7-0-0
S: Зы псалъэм мыхьэнэ куэд иIэным йоджэ
-: синонимкIэ
-: паронимкIэ
-: антонимкIэ
+: полисимиекIэ
I: ТЗ 195 Тема 7-0-0
S: Социальнэ гуп гуэрхэм псэлъэкIэкIэ зыкъыгуагъэщхьэхукIын папщIэ къагъэсэбэп псалъэхэмрэ къэIуэтэныгъэхэмрэ
-: диалектизмщ
-: архаизмщ
+: жаргонизмщ
-: неологизмщ
I: ТЗ 196 Тема 7-0-0
S: Стиль щхьэхуэхэм емыпха псалъэхэмкIэ бзэм къыщаIуатэ мыхьэнэхэр кърагъэлъэгъуэн папщIэ, къагъэсэбэп псалъэхэр
-: архаизмщ
-: историзмщ
-: неологизмщ
+: арготизмщ
I: ТЗ 197 Тема 7-0-0
S: Шхын псалъэр жаргонкIэ къаIуатэ мыпхуэдэу
+: егъэмэрэкIуэхын
-: щIэуэн
-: гъэжьэн
-: зы щэ еуэн
I: ТЗ 198 Тема 7-0-0
S: Экзаменыр хуэмытын мыхьэнэр иIэщ мы жаргонизмым
-: къэсыжын
+: щIэуэн
-: гъэхуэбэн
-: исыкIын
I: ТЗ 199 Тема 7-0-0
S: Iуэхур зэIыхьэн, зэрыхуей хъункIэ Iэмал имыIэу иухын мыхьэнэр иIэщ мы псалъэм
-: гъэлъеин
-: гъэжьэн

-: исыкIын
+: къэсыжын
I: ТЗ 200 Тема 7-0-0
S: ешхыдэн мыхьэнэ иIэкъым мы псалъэм
-: гъэсысын
-: гъэлъэн
+: щIэуэн
-: гъэжьэн
I: ТЗ 201 Тема 7-0-0
S: Iулъхьэ, уасэ етын мыхьэнэ иIэщ мы псалъэм
-: щIэуэн
-: гъэжьэн
-: зы щэ еуэн
+: гъэхуэбэн
I: ТЗ 202 Тема 7-0-0
S: угъурсыз мыхьэнэ иIэщ мы псалъэм
-: хьэнэ хъун
+: блэ зэраукIа баш
-: зы щэ еуэн
-: игъэсыкIын
I: ТЗ 203 Тема 7-0-0
S: чэф игъуэтын мыхьэнэр иIэу къагъэсэбэп мы псалъэр
-: хэпкIэн
-: гъэмэрэкIуэн
-: зы щэ еуэн
+: хьэнэ хъун
I: ТЗ 204 Тема 7-0-0
S: шхыдэн мыхьэнэ иIэу къагъэсэбэп мы жаргон псалъэр
+: сабэ дэпхъеин
-: къыщхьэщылъэфын
-: къыщхьэпридзын
-: игъэсыкIын
I: ТЗ 205 Тема 7-0-0
S: ЦIыхум и IэщIагъэм ехьэлIауэ къигъэсэбэп псалъэхэр ар
-: диалектизмхэщ
-: жаргонизмхэщ
-: неологизмщ
+: профессиональнэ лексикэщ

**V2: НэгъуэщIыбзэм къыхэкIыу адыгэбзэм къыхыхьа псалъэхэмрэ адыгэбзэм езым еиж лексикэмрэ**

I: ТЗ 206 Тема 8-0-0
S: Нэгъуэщ1ыбзэм къыхэк1а псалъэхэм папщ1э жа1э:
-: исконная лексика
-: профессиональная лексика
+: заимствованная лексика
-: терминологическая лексика
-: диалектная лексика
I: ТЗ 207 Тема 8-0-0
S: Бзэм езым къигъэщ1ыжа псалъэхэм папщ1э жа1э:
-: заимствованная лексика
-: профессиональная лексика
+: исконная лексика
-: терминологическая лексика
-: диалектная лексика
I: ТЗ 208 Тема 8-0-0
S: «Исконная лексика» псалъэ зэпхар мыпхуэдэу къыбгуры1уэ хъунущ:
-: 1эщ1агъэм епха псалъэхэр жи1эу

-: псалъэ шэрыуэхэр жи1эу
-: нэгъуэщ1ыбзэхэм щыщу бзэм къищта псалъэхэр жи1эу
+: езы бзэм къигъэщ1ыжа псалъэхэр жи1эу
I: ТЗ 209 Тема 8-0-0
S: «Заимствованная лексика» псалъэ зэпхар мыпхуэдэу къыбгуры1уэ хъунущ:
-: 1эщ1агъэм епха псалъэхэр жи1эу
+: нэгъуэщ1ыбзэхэм щыщу бзэм къищта псалъэхэр жи1эу
-: псалъэ шэрыуэхэр жи1эу
-: езы бзэм къигъэщ1ыжа псалъэхэр жи1эу
I: ТЗ 210 Тема 8-0-0
S: Хьэрыпыбзэ къыхэкIыу адыгэбзэм къыхыхьащ мы псалъэр
-: джаур
+: муслъымэн
-: тынш
-: хъарбыз
I: ТЗ 211 Тема 8-0-0
S: Хьэрыпыбзэ къыхэкIыу адыгэбзэм къыхыхьащ мы псалъэр
-: алмэсты
-: гуэбэн
-: къэб
+: ажал
I: ТЗ 212 Тема 8-0-0
S: Хьэрыпыбзэ къыхэкIыу адыгэбзэм къыхыхьащ мы псалъэр
-: къарэ
+: жэнэзы
-: къэлэн
-: жэгундэ
I: ТЗ 213 Тема 8-0-0
S: Хьэрыпыбзэ къыхэкIыу адыгэбзэм къыхыхьащ мы псалъэр
-: анэ
-: адакъэ
-: бэлъто
+: акъыл
I: ТЗ 214 Тема 8-0-0
S: Хьэрыпыбзэ къыхэкIыу адыгэбзэм къыхыхьащ мы псалъэр
+: насып
-: джырэфинэ
-: куэзыр
-: къаз
I: ТЗ 215 Тема 8-0-0
S: Хьэрыпыбзэ къыхэкIыу адыгэбзэм къыхыхьащ мы псалъэр
-: сэ
-: бэзэр
-: уанэ
+: нэмыс
I: ТЗ 216 Тема 8-0-0
S: Тыркубзэм щыщу бзэм къищта псалъэхэщ
-: нэ
-: бэлъто
-: муслъымэн
+: бэзэр
I: ТЗ 217 Тема 8-0-0
S: Тыркубзэм щыщу бзэм къищта псалъэхэщ
-: пэ
+: жэгундэ
-: стIол
-: жьэ

I: ТЗ 218 Тема 8-0-0
S: Тыркубзэм щыщу бзэм къищта псалъэхэщ
-: жэнэзы
-: хьэлэл
-: адэ
+: къэб
I: ТЗ 219 Тема 8-0-0
S: Тыркубзэм щыщу бзэм къищта псалъэхэщ
-: зэман
-: уаз
+: къэдабэ
-: борщ
I: ТЗ 220 Тема 8-0-0
S: Тыркубзэм щыщу бзэм къищта псалъэхэщ
-: фарз
-: сабыр
-: щхьэ
+: гуэгуш
I: ТЗ 221 Тема 8-0-0
S: Тыркубзэм щыщу бзэм къищта псалъэхэщ
-: фарз
+: бабыщ
-: щхьэ
-: молэ
I: ТЗ 222 Тема 8-0-0
S: Урысыбзэм щыщу адыгэбзэм къищта псалъэщ
+: джырафинэ
-: бэзэр
-: жыхьэрмэ
-: нэмэз
I: ТЗ 223 Тема 8-0-0
S: Урысыбзэм щыщу адыгэбзэм къищта псалъэщ
-: жэгундэ
-: щэкI
+: дыху
-: жэнэт
I: ТЗ 224 Тема 8-0-0
S: Урысыбзэм щыщу адыгэбзэм къищта псалъэщ
+: бэлътоку
-: ажал
-: акъыл
-: дин
I: ТЗ 225 Тема 8-0-0
S: Урысыбзэм щыщу адыгэбзэм къищта псалъэщ
-: мэл
-: гъубж
-: хьэнцэ
+: бэлъто
I: ТЗ 226 Тема 8-0-0
S: Урысыбзэм щыщу адыгэбзэм къищта псалъэщ
+: машинэ
-: унэ
-: уанэ
-: щхьэ
I: ТЗ 227 Тема 8-0-0
S: Урысыбзэм щыщу адыгэбзэм къищта псалъэщ
-: лъакъуэ

-: блыщхьэ
+: торт
-: гъубж
I: ТЗ 228 Тема 8-0-0
S: Адыгэбзэм езым еиж  псалъэщ
-: союз е
-: бэрэжьей, щэбэт
-: мин, меллуан, миллиард
+: щхьэ цIэпапщIэхэр
I: ТЗ 229 Тема 8-0-0
S: Адыгэбзэм езым еиж  псалъэщ
+: зыгъэлъагъуэ цIэпапщIэхэр
-: мин, меллуан, миллиард
-: бэрэжьей, щэбэт
-: союз е
I: ТЗ 230 Тема 8-0-0
S: Адыгэбзэм езым еиж  псалъэщ
-: союз е
+: чэ, лъынтхуэ, натIэ, нэ, пэ
-: мин, меллуан, миллиард
-: бэрэжьей, щэбэт
I: ТЗ 231 Тема 8-0-0
S: Адыгэбзэм езым еиж  псалъэщ
-: щэбэт
-: бэрэжьей
+: блыщхьэ, гъубж
-: мин
I: ТЗ 232 Тема 8-0-0
S: Адыгэбзэм езым еиж  псалъэщ
-: меллуан
-: е
-: гъубж
+: мэрем
I: ТЗ 233 Тема 8-0-0
S: Адыгэбзэм езым еиж  псалъэщ
-: миллиард
+: махуэку
-: е
-: бэрэжьей
I: ТЗ 234 Тема 8-0-0
S: Адыгэбзэм езым еиж  псалъэщ
-: мин
-: щэбэт
-: бэрэжьей
+: тхьэмахуэ
I: ТЗ 235 Тема 8-0-0
S: Адыгэбзэм езым еиж  псалъэкъым
+: ажал
-: сэ
-: зы
-: мы
I: ТЗ 236 Тема 8-0-0
S: Адыгэбзэм езым еиж  псалъэкъым
-: вы
-: джэд
-: анэ
+: бэрэжьей

I: ТЗ 237 Тема 8-0-0
S: Адыгэбзэм езым еиж  псалъэкъым
-: хьэмэ
+: е
-: щы
-: щэ
I: ТЗ 238 Тема 8-0-0
S: Адыгэбзэм езым еиж  псалъэкъым
+: щэбэт
-: дэ
-: ауэ
-: тху
I: ТЗ 239 Тема 8-0-0
S: Адыгэбзэм езым еиж  псалъэкъым
-: блы
-: хы
-: бгъу
+: мин
I: ТЗ 240 Тема 8-0-0
S: Адыгэбзэм езым еиж  псалъэкъым
-: бзэгу
+: миллиард
-: хулъэ
-: нэгэгъу
I: ТЗ 241 Тема 8-0-0
S: Адыгэбзэм езым еиж  псалъэкъым
-: джэдэщ
-: уанэ
+: меллуан
-: лъэпэд
I: ТЗ 242 Тема 8-0-0
S: Адыгэбзэм езым еиж  псалъэкъым
-: бэдж
-: бжьэ
-: уанэ
+: рамэ
**V2: Псалъэр къызэрыхъу аффиксхэм я тхыкIэр**
I: ТЗ 136 Тема 10-0-0
S: Дыхьэшхырилэ псалъэр къэхъуащ суффикс…
-: -лэ пыувэкIэрэ
-: -ри+лэ пыувэкIэрэ
+: -рилэ пыувэкIэрэ
I: ТЗ 137 Тема 10-0-0
S: Псалъэ къызэрыхъу префиксым и къэкIуэкIэ тэмэмыр къыхэхын
+: трыретхэ
-: тырыретхэ
-: тырыретхэ
I: ТЗ 138 Тема 10-0-0
S: Псалъэ къызэрыхъу суффиксхэр зыхэтхэр къыхэгъэкIын
-: къэплъэн, къэщтэн
-: ныбжьэгъу, нэщхъыфIэ
+: тхыгъэ, лэжьыгъэ
**V2: Стилистикэ**
I: ТЗ 243 Тема 9-0-0
S: Бзэм и стилхэмрэ абыхэм я щытыкIэхэр къызыхэкI Iэмалхэмрэ едж
-: орфографием
+: стилистикэм

-: лексикэм
-: орфоэпием
I: ТЗ 244 Тема 9-0-0
S: Книжнэ стилым хыхьэркъым
-: научнэ стиль
-: публицистическэ стиль
-: офицальнэ- деловой стиль (Iуэху зэрызэрахьэ стиль)
-: литературнэ-художественнэ стиль
+: къызэрыгуэкI псэлъэкIэр е нейтральнэ стилыр
I: ТЗ 245 Тема 9-0-0
S: Речым и жанр зэхуэмыдэхэу статьяр, монографиер, зэреджэ тхылъыр, рецензэр, аннотацэр, лекцэр, докладыр къыхагъэкI
+: научнэ стилым
-: публицистическэ стилым
-: офицальнэ- деловой стилым (Iуэху зэрызэрахьэ стилым)
-: литературнэ-художественнэ стилым
-: къызэрыгуэкI псэлъэкIэм е нейтральнэ стилым
I: ТЗ 246 Тема 9-0-0
S: ЩIэныгъэлIхэм я къэхутэныгъэхэм кърикIуахэр къызэраIуатэ бзэм къыщагъэсэбэп
-: публицистическэ стилым
-: офицальнэ- деловой стилым (Iуэху зэрызэрахьэ стилым)
-: литературнэ-художественнэ стилым
+: научнэ стилым
-: къызэрыгуэкI псэлъэкIэм е нейтральнэ стилым
I: ТЗ 247 Тема 9-0-0
S: Газет, радио, телевиденэм щыгъэува, щызекIуэ псалъэкIэхэм хэунэтIауэ щытщ
+: публицистическэ стилыр
-: офицальнэ- деловой стилыр (Iуэху зэрызэрахьэ стилыр)
-: литературнэ-художественнэ стилыр
-: научнэ стилыр
-: къызэрыгуэкI псэлъэкIэм е нейтральнэ стилыр
I: ТЗ 248 Тема 9-0-0
S: Газет очеркхэр, репортажхэр, спортым теухуа комментариехэр, митингхэм, собранэхэм къыщыпсэлъэныгъэр хохьэр
-: научнэ стилым
-: офицальнэ- деловой стилым (Iуэху зэрызэрахьэ стилым)
+: публицистическэ стилым
-: литературнэ-художественнэ стилым
-: къызэрыгуэкI псэлъэкIэм е нейтральнэ стилым
I: ТЗ 249 Тема 9-0-0
S: Деловой тхылъхэр зэрытха бзэр (заявление, автобиографие, нэгъуэщIхэри) хохьэ
-: публицистическэ стилым
-: научнэ стилым
+: офицальнэ- деловой стилым (Iуэху зэрызэрахьэ стилым)
-: литературнэ-художественнэ стилым
-: къызэрыгуэкI псэлъэкIэм е нейтральнэ стилым
I: ТЗ 250 Тема 9-0-0
S: Зыгуэрым зыгуэркIэ зыхуигъэзэным е хуиIуэтэным хуэунэтIауэ щытщ
-: публицистическэ стилыр
+: офицальнэ- деловой стилыр (Iуэху зэрызэрахьэ стилыр)
-: литературнэ-художественнэ стилыр
-: научнэ стилыр
-: къызэрыгуэкI псэлъэкIэм е нейтральнэ стилыр
I: ТЗ 251 Тема 9-0-0
S: Образ къэгъэщIахэр тхыгъэм къеджэхэмрэ къедаIуэхэмрэ я гурыгъу-гурыщIэхэмрэ гупсысэхэмрэ зэхригъэщIэныр и мурадщ
-: публицистическэ стилым

-: научнэ стилым
-: официальнэ- деловой стилым (Iуэху зэрызэрахьэ стилым)
+: литературнэ-художественнэ стилым
-: къызэрыгуэкI псэлъэкIэм е нейтральнэ стилым
I: ТЗ 252 Тема 9-0-0
S: Махуэ къэс зыхэт гъащIэм къыщагъэсэбэп псэлъэкIэщ
-: публицистическэ стилыр
-: официальнэ- деловой стилыр (Iуэху зэрызэрахьэ стилыр)
-: литературнэ-художественнэ стилыр
-: научнэ стилыр
+: къызэрыгуэкI псэлъэкIэр е нейтральнэ стилыр
**V2: Адыгэхэм я фIэхъусхэр, абыхэм я мыхьэнэр**
I: ТЗ 253 Тема 10-0-0
S: Зэманыр пщэдджыжьу зэхуэзамэ жаIэрт:
-: Уи махуэ фIыуэ!
-: ПщэддджыжьыфI тхьэм къуит!
-: Уи пщэдджыжь фIы ухъуI!
+: Уи пщэддджыжь фIыуэ!
I: ТЗ 254 Тема 10-0-0
S: ВакIуэм щыбгъэдыхьам деж жаIэ:
-: Шхуошх апщий!
+: Бов апщий!
-: Бохъу апщий!
-: Бощ апщий!
I: ТЗ 255 Тема 10-0-0
S: Мэкъу еуэ, гуэдз зых, нартыху къыдэзыкI бгъэдыхьамэ жаIэ:
+: Шхуошх апщий!
-: Бов апщий!
-: Бохъу апщий!
-: Бощ апщий!
I: ТЗ 256 Тема 10-0-0
S: Зыбгъэдыхьар Iэщыхъуэу, е Iэщ щаIыгъ уэтэру щытмэ жаIэ:
-: Шхуошх апщий!
-: Бов апщий!
+: Бохъу апщий!
-: Бощ апщий!
I: ТЗ 257 Тема 10-0-0
S: Зыгуэр ищэу ирихьэлIамэ жраIэ:
-: Хъер пхухъу!
-: ФIыкIэ улажьэ!
-: Угъурлы тхьэм пхуищ!
+: УасафIэ тхьэм пхуищI!
I: ТЗ 258 Тема 10-0-0
S: Сату зэдэзыщIа тIур зохъуэхъуж:
+: Хъер пхухъу!
-: ФIыкIэ улажьэ!
-: Угъурлы тхьэм пхуищ!
-: УасафIэ тхьэм пхуищI!
I: ТЗ 259 Тема 10-0-0
S: Сымэджауэ къэтэджыжьам жраIэ:
-: Фэбжь хъуами, тхьэм лажьэ имыщIкIэ!
-: ФIэхъусыж!
+: Лъапэ махуэ къыухьэжьэж!
-: Щхьэузыхь пхухъу!
I: ТЗ 260 Тема 10-0-0
S: Гъуэгу тетар къэсыжамэ, жаIэ:
-: Фэбжь хъуами, тхьэм лажьэ имыщIкIэ!

+: ФIэхъусыж!
-: Лъапэ махуэ къыухьэжьэж!
-: Щхьэузыхь пхухъу!
I: ТЗ 261 Тема 10-0-0
S: Удын игъуэтауэ, е и къупщхьэ къутауэ, е уIэгъэ хъуауэ щIэупщIакIуэ хуэкIэуэмэ жаIэ:
+: Фэбжь хъуами, тхьэм лажьэ имыщIкIэ!
-: ФIэхъусыж!
-: Лъапэ махуэ къыухьэжьэж!
-: Щхьэузыхь пхухъу!
I: ТЗ 262 Тема 10-0-0
S: Зи жэм, вы, шы лIам жраIэ:
-: Фэбжь хъуами, тхьэм лажьэ имыщIкIэ!
-: ФIэхъусыж!
-: Лъапэ махуэ къыухьэжьэж!
+: Щхьэузыхь пхухъу!
I: ТЗ 263 Тема 10-0-0
S: ХъыбарыфIкIэ е IуэхугъуэфI гуэркIэ ягъэгуфIар мэхъуахъуэ:
-: ГуфIэгъуэ кIыхь тхьэм фхуищI!
+: ГуфIэгъуэ куэд тхьэм къуит!
-: ФIыгъуэу щыIэр тхьэм къыпхуищIэ!
-: Уи псалъэ фIыкIэ уIыгъ!
I: ТЗ 264 Тема 10-0-0
S: Нысэ къэзыша унагъуэм йохъуэхъу:
+: ГуфIэгъуэ кIыхь тхьэм фхуищI!
-: ГуфIэгъуэ куэд тхьэм къуит!
-: ФIыгъуэу щыIэр тхьэм къыпхуищIэ!
-: Уи псалъэ фIыкIэ уIыгъ!
I: ТЗ 265 Тема 10-0-0
S: Зи псэлъэгъу и псалъэ зэпызыудам жеIэ:
-: Уи нэмыс нэхъ лъагэ ухъу!
-: Си Iэр фIыкIэ ныIусэ!
-: ФIыгъуэу щыIэр тхьэм къыпхуищIэ!
+: Уи псалъэ фIыкIэ уIыгъ!
I: ТЗ 266 Тема 10-0-0
S: Зи псэлъэгъум зи Iэр жьэхэуа цIыху гъэсам жеIэ:
-: Уи нэмыс нэхъ лъагэ ухъу!
+: Си Iэр фIыкIэ ныIусэ!
-: ФIыгъуэу щыIэр тхьэм къыпхуищIэ!
-: Уи псалъэ фIыкIэ уIыгъ!
I: ТЗ 267 Тема 10-0-0
S: Шхэуэ щысым, щысхэм щабгъэдыхьэкIэ жаIэ:
-: Фи ерыскъы убахъуэ!
-: Фи хьэлэлщ!
+: Щэрэ лырэ фхухъу!
-: Жэнэт шхын хуищ!
I: ТЗ 268 Тема 10-0-0
S: Ягъэшхар мэхъуахъуэ:
+: Фи ерыскъы убахъуэ!
-: Фи хьэлэлщ!
-: Щэрэ лырэ фхухъу!
-: Жэнэт шхын хуищ!
I: ТЗ 269 Тема 10-0-0
S: ЛIа гуэрым папщIэ ят, псэм щхьэщатыкIым хуэдэ гуэрхэр зыхуахьам жаIэр:
-: Фи ерыскъы убахъуэ!
-: Фи хьэлэлщ!
-: Щэрэ лырэ фхухъу!
+: Жэнэт шхын хуищ!

I: ТЗ 270 Тема 10-0-0
S: Фадафэ гуп яхыхьамэ жаIэ:
-: Упсэу апщий!
+: Гуп махуэ апщий!
-: ФIэхъус апщий!
-: Уэршэр фIохъу апщий!
I: ТЗ 271 Тема 10-0-0
S: Зыгуэр зыфIэкIуэдам жраIэ:
+: Уи насып тхьэм химыхкIэ!
-: Пхуэщын тхьэм къуитыж!
-: И хъер тхьэм уигъэлъагъу!
-: Уи щхьэузыхьщ!
I: ТЗ 272 Тема 10-0-0
S: Зэманыр пщыхьэщхьэу зэхуэзамэ жаIэрт:
-: Уи махуэ фIыуэ!
+: Уи пщыхьэщхьэ фIыуэ!
-: Пщыжьэщхьэф1 тхьэм къуит!
-: Уи пщыхьэщхьэ фIы ухъуI!
I: ТЗ 273 Тема 10-0-0
S: Зэманыр махуэу зэхуэзамэ жаIэрт:
+: Уи махуэ фIыуэ!
-: Уи махуэ фIы ухъу!
-: МахуэфI тхьэм къуит!
-: МахуэфI апщий!
I: ТЗ 274 Тема 10-0-0
S: шууит1 гъуэгум щызэблэк1мэ сэлам зэрахырт:
+: «гъуэгужь, апщий!»;
-: «бов, апщий!»;
-: «уи махуэ ф1ыуэ!»;
-: «гъуэгу махуэ!».
**V2: Адыгэ фащэр**
I: ТЗ 1 Тема 1-0-0
S: адыгэ ц1ыхухъум и фащэм щыщщ:
-: пы1э щимэр, гъуэншэдж быхъур, цыджанэ пщэщ1этыр
+: пы1э хъурейр, бащлъыкъыр, хьэзырыр, цейр, къэпталыр, гъуэншэдж лъапэ зэвыр
-: джанэмрэ гъуэншэджымрэ
-: спортивнэ формэр
I: ТЗ 2 Тема 1-0-0
S: щ1ак1уэр къагъэсэбэпырт:
+: уэс-уэшххэм и деж, щ1ы1эм деж зэтраупхъуэу,губгъуэм нэху къыщек1ын хуей хъуамэ, теп1эну
-: хуабэ дыдэм щызыхъумэ щыгъыныгъуэу, пщы1э иращ1у
-: губгъуэм шхэну щепсыхк1э 1энэ папщ1эу
-: зык1и къагъэсэбэпыртэкъым
I: ТЗ 3 Тема 1-0-0
S: зек1уэ ежьэ адыгэл1ым хьэзыру пкъырылът:
-: т1у
+: йы
-: пщ1ы
-: т1ощ1
I: ТЗ 4 Тема 1-0-0
S: гынышэхэм нэмыщ1 хьэзырхэм ярылът:
-: щ1акхъуэ  гъэгъуа, лы гъэжьа
-: мастэ-1уданэ, удз хущхъуэ, 1эф1ык1э
+: удз хущхъуэ, лы гъэгъуа, щтаучрэ щтамылрэ, лъэгупс, мастэ-1уданэ
-: 1эф1ык1э, лы гъэжьа, щ1акхъуэ
I: ТЗ 5 Тема 1-0-0
S: шууит1 гъуэгум щызэблэк1мэ сэлам зэрахырт:

+: «гъуэгужь, апщий!»
-: «бов,апщий!»
-: «уи махуэ ф1ыуэ!»
-: «гъуэгу махуэ!»
I: ТЗ 6 Тема 1-0-0
S: ц1ыхубзым и пы1эм и лъагагъым къигэлъагъуэрт:
-: унагъуэ исрэ имысрэ
-: бын и1эрэ имы1эрэ
+: къызыхэк1а сословиер
-: зыдэс къуажэр
I: ТЗ 7 Тема 1-0-0
S: ц1ыхухъум и къамэр зэк1эрихырт:
+: дыуэщ1 щыдыхьэк1э
-: тхьэлъэ1у щык1уэк1э
-: шхэну щыт1ыск1э
-: щыгъуэлъыжк1э
I: ТЗ 8 Тема 1-0-0
S: адыгэл1ым и пы1эр щхьэрихырт:
-: щышхэк1э
-: щежьэк1э
-: къыщыфэк1э
+: зэи ц1ыхум щахэтк1э щхьэрихыртэкъым
I: ТЗ 9 Тема 1-0-0
S: нысащ1э унэ ирашэм и щхьэм къраупхъуэх:
-: шэк1 1ув гуэр
+: шылэхъар
-: щ1ак1уэ
I: ТЗ 10 Тема 1-0-0
S: урысыбзэм къик1а щы1эц1эм и к1эухыр «а»-уэ щытмэ, ятх:
+: «э»
-: «а»
-: к1эухыр похур
-: «ы»
I: ТЗ 11 Тема 1-0-0
S: зэрызэхуагъазэ псалъэр псалъэухам ику итмэ:
+: лъэныкъуит1мк1и запятойк1э къыхагъэщхьэхук1
-: зык1и къыхэгъщхьэхук1а хъукъым
-: псалъэм иужь запятой ягъэув
-: тирек1э лъэныкъуит1ри къыхагъэщхьэхук1
I: ТЗ 12 Тема 1-0-0
S: зэрызэхуагъазэ псалъэр псалъухам и пэм итмэ:
-: зыри ягъэув хабзэкъым
+: запятойк1э къыхагъэк1
-: и ужьым тире ягъэув
I: ТЗ 13 Тема 1-0-0
S: зэрызэхуагъазэ псалъэр псалъухам и к1эм итмэ:
+: и пэм запятой ягъэув
-: ипэм тире ягэув
-: и пэм точкит1 ягъэув
-: зык1и къыхагъэщхьэхук1къым
I: ТЗ 14 Тема 1-0-0
S: вводнэ псалъэхэр, вводнэ элемент дэтхэнэри псалъэухам дэнэ деж щытми:
-: къыхагъэщ хабзэкъым
+: запятойк1э къыхагъэщхьэхук1
-: тире лъэныкъуит1ымк1и ягъув
-: точкит1к1э къыхагъщхьэхук1
I: ТЗ 15 Тема 1-0-0

S: «маитэ»-ар:
-: адыгэ унэгуащэм ипщэф1 шхыныгъуэщ
-: къэбэрдейм ф1эк1 зыщ1ып1и къыщымык1 хадэхэк1щ
+: дыжьыным тращ1ыхь тхыпхъэщ
-: щыгъыныгъуэщ
I: ТЗ 16 Тема 1-0-0
S: «тэджэлейр»- ар:
-: феска
-: нагрудник
-: шапка
+: безрукавка
I: ТЗ 17 Тема 1-0-0
S: «щ1ы1убгырыпхк1э» йоджэ:
+: дыжьыным къыхэщ1ык1ауэ ц1ыхубзым и фащэм ищхьэм къытралъхьэ
-: къэпталым ипщэм деж ирадэрщ
-: пы1эм ирадэ псы къыпылэл ц1ык1ущ
-: хьэзырыр зык1ырадэ щ1ып1эрщ
I: ТЗ 18 Тема 1-0-0
S: псалъэ занщ1эр тхыгъэм деж :
+: кавычкэм дагъэувэ хабзэщ
-: тирек1э лъэныкъуит1ымк1и къыхагъэщ
-: псалъэуха щхьэхуэу ятх
I: ТЗ 19 Тема 1-0-0
S: псалъэ занщ1эр авторым и псалъэхэм ипэ итмэ:
-: кавычкэм дагъэувэ хабзэкъым
+: запятой ягъэув, кавычкэр зэхуащ1ыж, тире ягъэув
-: сыт щыгъуи токэ и к1эм ягъэув
-: авторым и псалъэ патхэкъым
I: ТЗ 20 Тема 1-0-0
S: пслъэухам сыт щыгъуи кыхагъэщхьэхук1:
+: зэрызэхуагъазэ псалъэр
-: подлежащэмрэ сказуемэмрэ
-: деепричастиер
-: деепричастнэ оборотыр
I: ТЗ 21 Тема 1-0-0
S: псалъэжьыр и к1эм нэгъэс: «Зи бзэ 1эф1 щынэ …»:
-: ф1ыуэ ялъагъу
-: псом нэхърэ нэхъ дахэщ
+: мэлибгъум щ1оф
-: делэщ
I: ТЗ 22 Тема 1-0-0
S: псалъэжьыр и к1эм нэгъэс: «Уи теп1эн еплъи …»:
+: уи лъэ укъуэдий
-: зэхъуэк1
-: щ1э къэщэху
-: нэгъуэщ1хэм тепсэлъыхь
I: ТЗ 23 Тема 1-0-0
S: псалъэжьыр и к1эм нэгъэс: «Гупыр зыгъэгуп …»:
-: щ1егъуэжыркъым
-: ф1ы хуозэр
+: гуп и уасэщ
-: пщ1э хуэфащэщ
I: ТЗ 24 Тема 1-0-0
S: псалъэжьыр и к1эм нэгъэс: «Гупсыси псалъэ, …»:
+: зыплъыхьи т1ыс
-: жып1эми ухущ1емыгъуэж
-: зэплъэк1ыури щыс

-: сыт жып1эми
I: ТЗ 25 Тема 1-0-0
S: псалъэжьыр и к1эм нэгъэс: «Сэламыр …»:
-: псоми ялейщ
-: 1эмалыншэкъым
+: псом нэхъапэщ
-: 1уэху п1ащ1эгъуэщ
I: ТЗ 26 Тема 1-0-0
S: псалъэухам сыт щыгъуи къыхагъэщхьэхук1:
+: вводнэ псалъэхэмрэ вводнэ конструкцэхэмрэ
-: щы1эц1эр
-: определенэ зэлъэпкъэгъухэр
-: апхэуэдэ щы1экъым
I: ТЗ 27 Тема 1-0-0
S: Нэгумэ Шорэ зэхилъхьащ адыгэбзэм и алфавит:
+: хьэрып графикэми урыс графикэми тету
-: латин графикэм тету
-: латин графикэми урыс графикэми тету
-: зыри зэхилъхьакъым
I: ТЗ 28 Тема 1-0-0
S: иджыпсту адыгэбзэр зытет алфавитыр зэхигъэуващ:
-: Нэгумэ Шорэ
+: Борыкъуей Т1ут1э
-: Берсей Умар
-: Н Ф Яковлевым
I: ТЗ 29 Тема 1-0-0
S: Нэгумэ Шорэ и лэжьыгъэщ:
+: «Филологические труды»
-: «Адыгэбзэм и тхыдэр»
-: «Нартхэр»
-: «Бгырысхэр»
I: ТЗ 30 Тема 1-0-0
S: Хъан-Джэрий Сулът1ан и тхыгъэ нэхъ ин дыдэщ:
-: «Бгырысхэр»
-: «Нартхэр»
-: «Адыгэ псалъэжьхэр»
+: «Черкесские предания»
I: ТЗ 31 Тема 1-0-0
S: Урыс Хьэтэлий хэлъхьэныгъэ ин хуищ1ащ:
+: филологие щ1эныгъэхэм
-: математикэм
-: физикэм
-: химием
I: ТЗ 32 Тема 1-0-0
S: Нало Ахьмэдхъан и къару ирихьэл1ащ:
-: юриспруденцием
-: физикэм
+: адыгэ литературэм
-: физикэм
I: ТЗ 33 Тема 1-0-0
S: Маф1эдз Сэрэбий и лэжьыгъэщ:
+: «Адыгэ хабзэ»
-: «Щэнгъасэ»
-: «Щихухэр иджыри мэк1»
-: «Бгырысхэр»
I: ТЗ 34 Тема 1-0-0
S: Къардэнгъущ1 Зрамыку и 1эдакъэщ1эк1щ:

-: «Адыгэ грамматикэ»
-: «Япэ лъэбакъуэ зычахэр
+: «Адыгэ псалъэжьхэр»
I: ТЗ 35 Тема 1-0-0
S: «1уащхьэмахуэ» журналым и редактор нэхъыщхьэщ:
-: Хьэх Сэфэрбий
-: Хьэф1ыц1э Мухьэмэд
+: 1ут1ыж Борис
-: Думэн Мурадин
I: ТЗ 36 Тема 1-0-0
S: ефэ-ешхэ 1энэм щыбгъэдыхьэк1э, сэлам ирах:
+: «Гуп махуэ, апщий!»
-: «Бохъу, апщий!»
-: «Фи жэщ ф1ы ухъу!»
-: «Уи пщэдджыжь ф1ыуэ!»
I: ТЗ 37 Тема 1-0-0
S: хьэщ1эр унэм щ1эсу ущ1ыхьэжмэ:
-: «Щхьэ укъэк1уа?»
+: «Ф1эхъус, апщий!»
-: «Щ1эх ук1эжыну?»
I: ТЗ 38 Тема 1-0-0
S: куэдрэ сымэджауэ хъужам жра1э:
+: «Лъапэ махуэ къыухьэжьэж!»
-: «Узыншэ Тхьэм уищ1ыж!»
-: «Уи 1уэху дахэ ухъу!»
-: «Ф1эхъус, апщий!»
I: ТЗ 39 Тема 1-0-0
S: сэлам къозыха нэхъыжьым же1эпхъэщ:
+: «Упсэу! Жьыщхьэ махуэ ухъу!»
-: «Упсэу! Насыпыф1э ухъу!»
-: «Упсэу! Щ1алэф1 нат1э ухъу!
-: «Ф1ык1э дызэхузэ!»
I: ТЗ 40 Тема 1-0-0
S: Нало Заур итхащ:
+: «Щ1ыху напэ»
-: «Мадинэ»
-: «Бгырысхэр»
-: «Щихухэр иджыри мэк1»
**V2: Адыгэ шхыныгъуэхэр**
I: ТЗ 41 Тема 2-0-0
S: Адыгэхэм я фадэ лIэужьыгъуэхэм хиубыдэркъым
-: санэху
-: санэплъ
-: махъсымэ
-: мэрэмыжьей
+: аркъэ
I: ТЗ 42 Тема 2-0-0
S: Ди лъэпкъым и къэкIыгъэ нэхъыжь дыдэщ
-: гуэдз
-: хьэпцIий
+: хьэ
-: зэнтхъ
I: ТЗ 43 Тема 2-0-0
S: Шатэ, хьэжыгъэ, кхъуей зэгъусэу япщэфI шхыныгъуэ
-: джэдыкIэжапхъэ
-: джэдыкIэнэкъиж
+: жэмыкуэ

I: ТЗ 44 Тема 2-0-0
S: Адыгэхэм я лъэпкъ фадэ
-: коньяк
-: шэгъыр
-: аркъэ
+: мэхъсымэ
I: ТЗ 45 Тема 2-0-0
S: Мамалыга жыхуаIэ шхыныгъуэр адыгэбзэкIэ
+: мрамысэ
-: мэжаджэ
-: махъсымэ
-: мэрэмэжьей
I: ТЗ 46 Тема 2-0-0
S: Адыгэхэм нартыхум къыхащIыкIыу щыта шхыныгъуэ
-: хъыршын
-: хъынкIал
+: хьэкъурт
-: хьэлIамэцIыртI
I: ТЗ 47 Тема 2-0-0
S: Нартыху гуа, прунж, джэрш, лы, кхъуей хэлъу адыгэхэм ягъэхьэзыр хьэнтхъупс
-: хъынкIал
+: IэшырыI
-: хъудыр
I: ТЗ 48 Тема 2-0-0
S: Адыгэхэм нартыху хьэжыгъэм къыхащIыкI шхыныгъуэ
+: хьэтыкъ
-: хубэла
-: хьэлыгъуанэ
I: ТЗ 49 Тема 2-0-0
S: Гъэшым къыхащIыкIыу щыта ерыскъыгъуэ
-: хьэкъурт
-: къуэнхъурей
+: кхъуейжьапхъэ
**V2: Адыгэхэм хьэщIэм ехьэлIауэ яIэ хабзэхэр**
I: ТЗ 50 Тема 3-0-0
S: Адыгэхэм хьэщIэ нышкIэ еджэу Iэнэм трагъэувэ
-: джэдыл
+: мэлыл
-: былымыл
-: гуэгушыл
I: ТЗ 51 Тема 3-0-0
S: Адыгэхэм гуфIэгъуэ Iэнэм нэхъыжь Iыхьэу трагъэувэ
+: щхьэ щIылъэныкъуэ ижьыр
-: щхьэ щIылъэныкъуэ сэмэгур
-: щхьэр зэрыпсэууэ
-: щхьэпхэтIыгур
I: ТЗ 52 Тема 3-0-0
S: Адыгэ хабзэмкIэ гуфIэгъуэ Iэнэр ирегъэкIуэкI
-: хьэщIэ нэхъыжьым
+: бысым нэхъыжьым
-: щхьэгъэрытым
-: хэгъэрейхэм я нэхъыщIэм
I: ТЗ 53 Тема 3-0-0
S: Адыгэ хабзэмкIэ гуфIэгъуэ Iэнэм япэ хъуэхъур жеIэ
-: хьэщIэ нэхъыжьым
+: бысым нэхъыжьым
-: щхьэгъэрытым

-: хэгъэрейхэм я нэхъыщIэм
I: ТЗ 54 Тема 3-0-0
S: ХьэщIэр унагъуэм къызэрихьэу
-: къыщIэкIуамкIэ йоупщI
-: щыкIуэжынумкIэ йоупщI
+: шхын щIэщыгъуэ хуапщэфI
I: ТЗ 55 Тема 3-0-0
S: Адыгэ псалъэжьыр и кIэм нэгъэсыжын: «Зы хьэщIэм зы хьэщIэр и жагъуэщи, …… »
-: хьэщIитIыр гъунэгъум и жагъуэщ
-: хэгъэрейр гугъу йохь
-: гъунэгъур гугъу йохь
+: хьэщIитIыр бысымым и жагъуэщ
I: ТЗ 56 Тема 3-0-0
S: Адыгэ псалъэжьыр и кIэм нэгъэсыжын: «Адыгэм и хьэщIэр …… »
+: быдапIэ исщ
-: хьэщIэщым щIэсщ
-: жэнэтым исщ
-: жьантIэм дэсщ
I: ТЗ 57 Тема 3-0-0
S: Адыгэм хьэщIэр нэхъыщIэмэ и щIым итыху, и къуажэм дэтыху
-: и сэмэгурабгъумкIэ егъэув
-: и щIыбагъымкIэ егъэув
+: ижьырабгъумкIэ егъэув
-: и гупэмкIэ егъэув
I: ТЗ 58 Тема 3-0-0
S: Щхьэ щIылъэныкъуэм и пэнцIывыр бжэмкIэ гъэзауэ Iэнэм трагъэувэмэ
-: хьэщIэ нэхъыжьым и жагъуэ мэхъу
-: хьэщIэ нэхъыжьым и гуапэ мэхъу
-: уэлбанэ мэхъу
+: гуауэ, хэщIыныгъэ гуэр къэхъуащ
I: ТЗ 59 Тема 3-0-0
S: ХьэщIэм и шыщхьэр унэбжэмкIэ гъэзауэ шэсыжмэ –
+: бысымым хуэарэзыуэ аращ
-: бысымым хуэмыарэзыуэ аращ
-: зэи къытримыгъэзэну аращ
-: щIэхыу къытригъэзэну аращ
I: ТЗ 60 Тема 3-0-0
S: ХьэщIэм и шы щIыбыр унэбжэмкIэ гъэзауэ шэсыжмэ –
-: бысымым хуэарэзыуэ аращ
+: бысымым хуэмыарэзыуэ аращ
-: зэи къытримыгъэзэну аращ
-: щIэхыу къытригъэзэну аращ
I: ТЗ 61 Тема 3-0-0
S: Нэгэгъур зыгуэшым ар Iыхьищ ещIри
-: кIапитIыр цIыхубзхэм ярет, адрейр езым къегъанэ
+: кIапитIыр и бгъуитIым къыщысхэм ярет, (ахэр мыцIыхубзмэ) адрейр езым къегъанэ
-: кIапитIыр хьэщIэхэм ярет, адрейр щхьэгъэрытым иret
-: кIапитIыр щхьэгъэрытым иret, адрейр езым къегъанэ
I: ТЗ 62 Тема 3-0-0
S: Адыгэ Iэнэм лэпсыр къахьа нэужь
-: хэгъэрей нэхъыжьыр мэхъуахъуэ
-: хьэщIэ нэхъыжьыр мэхъуахъуэ
+: йрафри псори мэтэджыж
I: ТЗ 63 Тема 3-0-0
S: Адыгэ псалъэжьыр и кIэм нэгъэсыжын: «Бысымыр хьэщIэм и ……»
-: уэршэрэгъущ
-: ныбжьэгъущ

-: жэщгъуэлъщ
+: Iуэхутхьэбзащlэщ
I: ТЗ 64 Тема 3-0-0
S: Адыгэ псалъэжьыр и кIэм нэгъэсыжын: «Гъуэгужьрэ фызыжьрэ …… »
-: зэхуомыгъадэ
-: фIыуэ лъагъу
+: умыбгынэ
-: укIэлъымыкIуэ
I: ТЗ 65 Тема 3-0-0
S: Адыгэ псалъэжьыр и кIэм нэгъэсыжын: «Зеиншэр ……  »
+: шэгъуафIэщ
-: шэгъуафIэкъым
-: къомышэ
-: умыгъэпуд
**V2: Нэхъыжьым хуащI пщIэр**
I: ТЗ 66 Тема 4-0-0
S: Нэхъыжь щысу зи  бын тепсэлъыхьм жиIэ хабзэщ
-: къурмэн сыпхухъу
+: уи нэмыс нэхъ лъагэ ухъу
-: уи псалъэ фIыкIэ уIыгъ
I: ТЗ 67 Тема 4-0-0
S: Нэхъыжь къепсамэ жраIэ хабзэщ
-: къурмэн сыпхухъу
-: уи нэмыс нэхъ лъагэ ухъу
-: гъащIэ кIыхь ухъу
+: жьыщхьэмахуэ ухъу
I: ТЗ 68 Тема 4-0-0
S: Нэхъыжь щыту емыкIущ
+: утIысыну
-: ущытыну
-: ушхэну
I: ТЗ 69 Тема 4-0-0
S: Зыгуэр гъуэгу техьа нэужькIэ хуапщэфI
-: щхьэщIылъэныкъуэ
+: щхьэмыгъэуз
-: щхьэгъэва
I: ТЗ 70 Тема 4-0-0
S: Iуэхутхьэбзэ къыпхуэзыщIа нэхъыщIэм жыраIэ
-: уи нэмыс нэхъ лъагэ ухъу
+: къурмэн сыпхухъу
-: жьыщхьэмахуэ ухъу
-: уи псалъэ фIыIкэ уIыгъ
I: ТЗ 71 Тема 4-0-0
S: Iуэхутхьэбзэ къыпхуэзыщIа нэхъыжьым жраIэ хабзэщ
-: уи нэмыс нэхъ лъагэ ухъу
-: къурмэн сыпхухъу
+: жьыщхьэ махуэ ухъу
-: уи псалъэ фIыIкэ уIыгъ
I: ТЗ 72 Тема 4-0-0
S: Нэхъыжь щысу зи щхьэгъусэм тепсэлъыхьым жиIэ хабзэщ
-: къурмэн сыпхухъу
+: уи нэмыс нэхъ лъагэ ухъу
-: уи псалъэ фIыкIэ уIыгъ
-: насыпыфIэ ухъу
I: ТЗ 73 Тема 4-0-0
S: Гъуэгу теува нэхъыжьым
-: кIэлъыуэркъым

-: кIэлъыплъыркъым
+: кIэлъыджэркъым
I: ТЗ 74 Тема 4-0-0
S: Псалъэжьыр и кIэм нэгъэсыжын: «Нэхъыжьыр бгъэлъапIэмэ,…»
-: насыпыфIэ ухъунщ
+: уи щхьэр лъапIэ хъунщ
-: гъащIэкIыхь ухъунщ
I: ТЗ 75 Тема 4-0-0
S: Псалъэжьыр икIэм нэгъэсын: « Уи адэ и щIапIэр гъэдахэ, … »
-: уи анэ и унэм щыпсэу
-: уи анэ и унэр гъэкъабзэ
+: уи анэ дахэу епсалъэ
I: ТЗ 76 Тема 4-0-0
S: Нэхъыжьрэ нэхъыщIэрэ гъуэгу зэдытеувамэ нэхъыжьыр щытщ
-: сэмэгумкIэ
+: ижьымкIэ
-: япэмкIэ
I: ТЗ 77 Тема 4-0-0
S: Джэгур зыублэри (япэ къафэр) зыкъутэжри
+: хэгъэрейхэм ящыщ
-: хьэщIэхэм ящыщщ
-: пшынауэрщ
I: ТЗ 78 Тема 4-0-0
S: Шыпхъу нэхъыжь зиIэ хъыджэбзыр
-: джэгу кIуэкъым
-: Iэгу еуэкъым
+: джэгу кIуэми къафэкъым
**V2: Лъэпкъым и календарь**
I: ТЗ 275 Тема 11-0-0
S: Илъэс къэс къыдидзэ махуэ зытхухыр адыгэхэм яIащ
-: лэжьэгъуэу
-: шхэгъуэу
-: уэршэрыгъуэу
+: тхьэлъэIу махуэхэу
I: ТЗ 276 Тема 11-0-0
S: Пасэ зэманым адыгэхэм илъэсыр ягуэшу щытащ
-: бжьыхьэрэ гъатхэу
+: гъэрэ щIыуэ
-: гъатхэрэ щIымахуэу
-: гъэмахуэрэ бжьыхьэу
I: ТЗ 277 Тема 11-0-0
S: Пасэ зэманым адыгэхэм илъэсыр ягуэшу щытащ
-: Iыхьищу
-: Iыхитхуу
+: IыхитIу
-: зы Iыхьэу
I: ТЗ 278 Тема 11-0-0
S: Илъэсыр IыхьилIу ягуэш зэрыхъуар адыгэхэм ирапхат
+: Вагъуэбэм
-: Вагъуэижым
-: Вагъуэплъым
-: Вагъуэзэшиблым
I: ТЗ 279 Тема 11-0-0
S: Адыгэхэм я илъэсыр хъурт мазэу
-: 10
-: 11
+: 12

-: 14
I: ТЗ 280 Тема 11-0-0
S: Мазэхэр адыгэхэм ягуэшырт махуэ
-: 31
-: 29
-: 28
+: 30
I: ТЗ 281 Тема 11-0-0
S: Адыгэхэм Вагъуэбэр щIым къыхэкIауэ ялъытэрт
+: гъатхэм
-: гъэмахуэм
-: щIымахуэм
-: бжьыхьэм
I: ТЗ 282 Тема 11-0-0
S: Вагъуэбэр гъавэм къыхэплъамэ щIидзэрт
-: гъатхэм
+: гъэмахуэм
-: щIымахуэм
-: бжьыхьэм
I: ТЗ 283 Тема 11-0-0
S: Вагъуэбэр жыг щхьэкIэм хыхьамэ къэсат
-: гъатхэр
-: гъэмахуэр
-: щIымахуэр
+: бжьыхьэр
I: ТЗ 284 Тема 11-0-0
S: Вагъуэбэр щIым хыхьэжмэ къихьат
-: гъатхэр
-: гъэмахуэр
+: щIымахуэр
-: бжьыхьэр
I: ТЗ 285 Тема 11-0-0
S: Гъэм и зэманым ехьэлIауэ адыгэхэм къагъэсэбэп «шылэ» псалъэр къыхэкIащ
-: хьэрыпыбзэм
+: персыбзэм
-: урысыбзэм
-: тыркубзэм
I: ТЗ 286 Тема 11-0-0
S: «шылэ» псалъэм къокI
-: 30
+: 40
-: 35
-: 29
I: ТЗ 287 Тема 11-0-0
S: Шылэр екIуэкIырт махуэ
-: 30
-: 35
-: 29
+: 40
I: ТЗ 288 Тема 11-0-0
S: Гъэрэ щIырэ щызэхэкIыу адыгэхэм я илъэсыщIэр къыщихьэ мазэщ
-: накъыгъэ
-: щIышылэ
-: мазае
-: мэлыжьыхь
+: гъатхэпэ
**V2: Псалъэухам щагъэув нэгъыщэхэр**

I: ТЗ 79 Тема 5-0-0
S: Пунктуационнэ щыуагъэ хэтщ псалъэухам
-: Гъатхэр къихьа щхьэкIэ хуабэ хъуркъым
-: Пщэдджыжь къэс, сыкъызэрыушу, щхьэгъубжэм сыдоплъ
+: Абы сэ зыуэ сыщыгуфIыкIати
-: Сыт мыбыхэм макъыу ямыгъэIуу къанэр!
I: ТЗ 80 Тема 5-0-0
S: Пунктуационнэ щыуагъэ хэтщ псалъэухам
-: Гъатхэм пасэу нэху мэщ
+: Сыту тхыгъэ хьэлэмэт ахэр
-: Сыт абы фIыгъуэу щумыгъуэтыр!
-: СэмэгурабгъумкIэ гуэл щIыIум гъуэзыр къыщхьэщех
I: ТЗ 81 Тема 5-0-0
S: Псалъэухам и пкъыгъуэ зэлъэпкъэгъухэм я ужькIэ, абыхэм къызэщIэзыубыдэ псалъэ къакIэлъыкIуэмэ
-: точкитI ягъэув
-: запятой ягъэув
+: тире ягъэув
-: точкэ куэд ягъэув
I: ТЗ 82 Тема 5-0-0
S: Зэрызыхуагъазэ псалъэхэр къыхагъэщхьэхукI
+: запятойкIэ
-: кавычкэхэмкIэ
-: скобкэхэмкIэ
-: тирекIэ
I: ТЗ 83 Тема 5-0-0
S: Вводнэ псалъэхэр къыхагъэщхьэхукI
+: запятойкIэ
-: кавычкэхэмкIэ
-: скобкэхэмкIэ
-: тирекIэ
I: ТЗ 84 Тема 5-0-0
S: КъызэщIэзубыдэ псалъэхэм  и ужькIэ, псалъэухам и пкъыгъуэ зэлъэпкъэгъухэм я пэкIэ
+: точкитI ягъэув
-: запятой ягъэув
-: тире ягъэув
-: точкэ куэд ягъэув
I: ТЗ 85 Тема 5-0-0
S: Псалъэ занщIэр авторым и псалъэм къыкIэлъыкIуэу щытмэ, псалъэ занщIэм и пэкIэ
-: тире ягъэув
+: точкитI ягъэув
-: точкэ куэд ягъэув
-: кавычкэ ягъэув
I: ТЗ 86 Тема 5-0-0
S: Союзыншэ псалъэуха зэхэлъым хэт япэ псалъэухам къыщаIуатэ Iуэхугъуэм и щхьэусыгъуэр етIуанэ псалъэухам къиIуатэу щытмэ, абыхэм я кум
+: точкитI ягъэув
-: запятой ягъэув
-: тире ягъэув
-: точкэ куэд ягъэув
I: ТЗ 87 Тема 5-0-0
S: Псалъэухам пунктуационнэ щыуагъэ хэткъым
+: Мурат мэгузавэ: «Дэнэ къисхын апхуэдиз ахъшэ», - жеIэри
-: Мурат мэгузавэ: «Дэнэ къисхын апхуэдиз ахъшэ?» - жеIэри
-: Мурат мэгузавэ – «Дэнэ къисхын апхуэдиз ахъшэ», - жеIэри
I: ТЗ 88 Тема 5-0-0
S: Псалъэухам нагъыщэхэр пэжу щыгъэуващ

-: Къэлъътмакъым хьэлур кърихурэ си къуэшым жиIэрт: «Дадэ дауэ къыпщыхъурэ, мы мэкъу угъурсызыр пщэдей духыну пIэрэ?»
-: Къэлътмакъым хьэлур кърихурэ си къуэшым жиIэрт: «Дадэ, дауэ къыпщыхъурэ, мы мэкъу угъурсызыр пщэдей духыну пIэрэ »
+: Къэлътмакъым хьэлур кърихурэ си къуэшым жиIэрт: «Дадэ, дауэ къыпщыхъурэ, мы мэкъу угъурсызыр пщэдей духыну пIэрэ?»
I: ТЗ 89 Тема 5-0-0
S: Псалъэухам нэгъыщэхэр пэжу щыгъэуващ
+: СНГ-м и къалэ ин куэдым сэ сыщыIащ, псалъэм папщIэкIэ: Москва, Баку, Киев, Минск
-: СНГ-м и къалэ ин куэдым сэ сыщыIащ, псалъэм папщIэкIэ, Москва, Баку, Киев, Минск
-: СНГ-м и къалэ ин куэдым сэ сыщыIащ, псалъэм папщIэкIэ- Москва, Баку, Киев, Минск
**V2: Нарт эпосыр**
I: ТЗ 90 Тема 6-0-0
S: "Зи мэIуху дыщафэ, афэр зи джанэ куэщI, дыгъэр зи пыIэ щыгу" - …
-: Бэдынокъуэ
-: Ашэмэз
+: Сосрыкъуэ
-: Лъэпщ
I: ТЗ 91 Тема 6-0-0
S: "Ныбэм илъ щIыкIэ и адэм илъ зыщIэжар" -
-: Щэуей
-: Дэбэч
+: Ашэмэз
-: Бэдынокъуэ
I: ТЗ 92 Тема 6-0-0
S: Мы нартым и шабзащхьэр мэзышхуэ хуэдэщ, и дамэ ижьым дыгъэр къыщопс, и дамэ сэмэгум уэсыр къыщос Ар …
-: Сосрыкъуэщ
-: Батэрэз
+: Бэдынокъуэ
-: Лъэбыцэжьей
I: ТЗ 93 Тема 6-0-0
S: Нарт Хъымыщрэ спы гуащэмрэ я къуэщ
+: Батэрэз
-: Ашэмэз
-: Сосрыкъуэ
-: Бэдынокъуэ
I: ТЗ 94 Тема 6-0-0
S: Абы щхьэкIэ нартхэм жаIэ: "Ар ди нарт тхьэмадэщ, ди дыщэ жьакIэщ, и жьакIэр уэсщи бынжэгум нос, шым ар нэшэсмэ, шы сокум хэлъщ"
-: Лъэпщ
-: Бэдын
+: Насрэн жьакIэ
-: Ашэ
I: ТЗ 95 Тема 6-0-0
S: Ар - нартхэ я гъукIэщ  Аращ Сосрыкъуэ зыпсыхьар
-: Дэбэч
+: Лъэпщ
-: Бэдын
-: Насрэн жьакIэ
I: ТЗ 96 Тема 6-0-0
S: Ар - нарт гуащэщ  "Сэ нарт шу сыпащI",- жеIэ езым
+: Сэтэней гуащэ
-: Уэрсэрыжь
-: Iэдииху
-: Дахэнагъуэ
I: ТЗ 97 Тема 6-0-0

S: Ар нарт Албэч и къуэщ, дзэгъэшынэ шу закъуэкIэ йоджэ
-: Сосрыкъуэ
-: Батрэз
+: Тотрэш
-: Ашэмэз
I: ТЗ 98 Тема 6-0-0
S: Унагъуэм я тхьэщ
-: Тхьэшхуэ
-: Тхьэгъэлэдж
+: Созрэщ
-: Амыщ
I: ТЗ 99 Тема 6-0-0
S: Сосрыкъуэ и шым зэреджэр
-: Лъэбыцэжьей
-: Джэмыдэжь
+: Тхъуэжьей
-: Лъапэху
I: ТЗ 100 Тема 6-0-0
S: Хьэдагъэ ирик1уэну дыщэ джэдыгу къезыгъэлъыхъуар
-: Дахэнагъуэ
-: Iэдииху
+: Мэлэчыпхъу
-: Уэрсэрыжь
I: ТЗ 101 Тема 6-0-0
S: … и дыщэ чысэ
-: Дахэнагъуэ
-: Iэдииху
+: Мэлэчыпхъу
-: Уэрсэрыжь
I: ТЗ 102 Тема 6-0-0
S: IэфIыр зыгъэдыджу, дыджыр зыгъэIэфI
-: фо
-: фошыгъу
+: шыгъу
-: дагъэ
I: ТЗ 103 Тема 6-0-0
S: Сэ лIыкIэ сызэжьэр сызыгъэпсэун, фIыуэ сыкъэзылъагъунщ  Сэ си гум из зэрищIын  … абы иIэкъым, -: жиIащ Мэлэчыпхъу
-: дыщэ
-: ахъшэ
+: лъагъуныгъэ
-: псалъэ
I: ТЗ 104 Тема 6-0-0
S: Тажьджэм ирагъэтIысхьэрти Нарт жылэм дахырт
-: нысащIэхэр
-: унэгуащэхэр
+: жьы хъуахэр
-: щауэхэр
I: ТЗ 105 Тема 6-0-0
S: Жыгыщхьэхэр къиплъыхьурэ гъейм къелауэ пхъэщхьэмыщхьэ тIущ къигъуэтащ
-: Сосрыкъуэ
-: Ашэмэз
+: Бэдынокъуэ
-: Лъэпщ
I: ТЗ 106 Тема 6-0-0
S: АдэкъэкIэу къэбгъэшрэ,
Пхъэшыкъу тIэкIу фIэбукIэрэ,

Къазшырыдзэ хуэдэу дубзыкIмэ
… жыхуаIэр аракъэ!
-: шэмэдж
-: джыдэ
+: гъубжэ
-: джатэ
I: ТЗ 107 Тема 6-0-0
S: Адыгэ хабзэмкIэ зи нэчыхь ятха хъыджэбзыр … дыщ унагъуэм исын хуейт
-: зы мазэкIэ
-: илъэс ныкъуэкIэ
+: зы илъэскIэ
-: махуэ бжыгъэкIэ
I: ТЗ 108 Тема 6-0-0
S: Фызышэ зэрыкIуэ гум ирагъэтIысхьэрт:
-: зы хъыджэбзрэ зы щIалэрэ
-: зы хъыджэбзрэ щIалитIрэ
+: хъыджэбзитIрэ зы пшынауэрэ
I: ТЗ 109 Тема 6-0-0
S: НысащIэр къыщIэзыхыну щIыхьар, фызхэр къежэрти яубыдт, "…" ,-:жаIэрти
-: техьэпщIэ
-: псэлъапщIэ
+: IэщхьэубыдыпщIэ
**V2: Адыгэ джэгукIэхэр**
I: ТЗ 110 Тема 7-0-0
S: ЩIалэр хьэблэ, благъэ дадэхэмрэ нанэхэмрэ тгъагъэхьэрт, иужькIэ яхуэзэмэ ящымыукIытэжын папщIэ Апхуэдэ Iуэхугъуэм йоджэ :
-: унэишэ
-: джэгузэхэшэ
+: щауэишыж
-: унэишэ цIыкIу
I: ТЗ 111 Тема 7-0-0
S: Унэм щIаша нэужь, гуащэм е благъэ гъунэгъухэм ящыщ нэхъыжь дыдэ цIыхубз гуэрым "IурыцIэлъ" нысащIэм IурецIэлъ Ар зэхэлъщ:
-: форэ дагъэу
-: форэ псыуэ
+: форэ тхъууэ
-: форэ дэуэ
I: ТЗ 112 Тема 7-0-0
S: Унэишэм деж уэредадэ жаIэурэ фоч щагъауэкIэ еуэ хабзэщ:
-: унащхьэм
-: унэ джабэм
+: уэнжакъым
-: бзу блэлъэтым
I: ТЗ 113 Тема 7-0-0
S: Зыгуэрым щауэ къекIуэлIамэ е нысащIэ къырахьэлIамэ хужаIэ:
-: хьэщIэ яIэщ
-: нысащIэ къырахьэлIащ
+: къан яIэщ
-: я хьэгъуэлIыгъуэщ
**V2: Адыгэ псалъэжьхэр**
I: ТЗ 114 Тема 8-0-0
S: Бзур зыIэтыр дамэщ,
ЦIыхур зыIэтыр…
-: ахъшэщ
-: нэмысщ
+: акъылщ
-: былымщ

I: ТЗ 115 Тема 8-0-0
S: Джэд нэхърэ … нэхъ Iущщ
+: джэдыкIэ
-: джэджьей
-: джэдкъурт
-: адакъэ
I: ТЗ 116 Тема 8-0-0
S: Куэд зыгъащIэ нэхърэ куэд …
-: жызыIэ
+: зылъагъу
-: къэзыкIухь
-: зыщIэ
I: ТЗ 117 Тема 8-0-0
S: Мэкъумылэр мащIэмэ,  … шхэрей мэхъу
-: мэлыр
-: дыгъужьыр
+: шкIащIэр
-: жэмыр
I: ТЗ 118 Тема 8-0-0
S: Уигу ирихьыр фIыщ, фIыуэ плъагъур …
-: хъыджэбзщ
-: щIалэщ
+: дахэщ
-: гуакIуэщ
I: ТЗ 119 Тема 8-0-0
S: Акъыл кIэщIыр … кIыхьщ
-: щхьэц
-: кIэ
+: бзэгу
-: Iэбжьанэ
I: ТЗ 120 Тема 8-0-0
S: Гъэм и зы махуэм …уегъашхэ
-: гъатхэм
-: бжьыхьэм
+: щIымахуэм
-: гъэмахуэм
I: ТЗ 121 Тема 8-0-0
S: … жеяр  бжьыхьэм мэгъыж
+: гъатхэм
-: бжьыхьэм
-: щIымахуэм
-: гъэмахуэм
I: ТЗ 122 Тема 8-0-0
S: Абдж щыкъуейм … ухэмыувэ
-: вакъэкIэ
-: лъакъуэкIэ
+: лъапцIэу
I: ТЗ 123 Тема 8-0-0
S: ГушыIэкIэ зымыщIэр … мауэ
-: лъакъуэкIэ
-: щхьэкIэ
+: IэштIымкIэ
-: псалъэкIэ
I: ТЗ 124 Тема 8-0-0
S: Бгым ущыхунумэ, … уегъэлъэпэрапэ
-: мывэми
-: бжэгъуми

+: шхийми
-: пхъэми
I: ТЗ 125 Тема 8-0-0
S: Дзэр куэдрэ узмэ -: …
-: ягъэхъуж
-: яхъуэж
+: Iуач
-: и гугъу ящIыркъым
**V2: Героические песни и предания**
I: ТЗ 126 Тема 9-0-0
S: ЩIопщакIуэ уэрэдым …
-: лэжьыгъэр ирагъэпсынщIэ
+: сымаджэр ирагъэхъуж
-: нысэм гуащэр иритохьэ
I: ТЗ 127 Тема 9-0-0
S: ЛIыхъужьыгъэ уэрэд хузэхалъхьащ …
+: Уэзы - Мурат
-: Лъэпщ
-: КъуийцIыкIу
I: ТЗ 128 Тема 9-0-0
S: Щауэ щрашыжкIэ жаIэ …
-: частушкэ
-: гушыIэ уэрэд
+: уэредадэ
I: ТЗ 129 Тема 9-0-0
S: Пшыналъэм и ежьур нэгъэсын Нартхэ ди Бэдынокъуэ…
+: Нартхэ ди лIы икъугъэ
-: Шы ныбэпхыр щIекъузэ
-: ЛIыр зыпамыщIыж
I: ТЗ 130 Тема 9-0-0
S: Пшыналъэм и ежьур нэгъэсын Сосрыкъуэу ди къан…
-: Жыр лэныстэр зэрегъакIуэ
+: Сосрыкъуэу ди нэху
-: уафэр зэщIогъуагъуэ
I: ТЗ 131 Тема 9-0-0
S: Гъыбзэ хуаусащ…
+: Гуащэгъагъ
-: Лацэ
-: Лашын
I: ТЗ 132 Тема 9-0-0
S: Лъэпкъ IуэрыIуатэм и жанр нэхъыщхьэщ …
-: романыр
-: повестыр
+: эпосыр
I: ТЗ 133 Тема 9-0-0
S: Адыгэ пщыхэм я пщыжу щытащ…
+: Идар Темрыкъуэр
-: ХьэтIэхъущокъуэпщыр
-: Беслъэнеипщыр
I: ТЗ 134 Тема 9-0-0
S: Мажусий диным щитам адыгэхэм я тхьэ инхэу яIауэ IуэрыIуатэм къыхощыж …
-: Уэзырмэс, Мэзытхьэ, Хъуэжэ
+: Амыщ, Лъэпщ, Тхьэгъэлэдж
-: Батыр, КъуийцIыкIу, Щыблэ
I: ТЗ 135 Тема 9-0-0
S: Адыгэ цIыхубзхэм пелуану къахэкIащ…
+: Лашын

-: Малычыпхъу
-: Іэдииху
**V2: Паремиология и фразеология**
I: ТЗ 139 Тема 11-0-0
S: Дыгъужьыгу зышха – псалъэ зэпыщІам къикІыр…
+: мышынэ жиІэущ
-: мыукІытэ жиІэущ
-: цІыху щабэ жиІэущ
I: ТЗ 140 Тема 11-0-0
S: Гупсысэр нэгъэсын ЗэкІэщІэпч мыхъу псалъэхэр зыджыр…
-: морфологиерщ
+: фразеологиерщ
-: синтаксисырщ
I: ТЗ 141 Тема 11-0-0
S: ИшыкІэ мафІэ егъэжуауэ фразеологизмэм къикІыр…
+: икъукІэ хуабжьу жиІэущ
-: икъукІэ хуэму жиІэущ
-: икъукІэ лъагэу жиІэущ
I: ТЗ 142 Тема 11-0-0
S: Гупсысэр нэгъэсын Фразеологизмэхэр псалъэухам хоувэ…
-: псалъэухам и пкъэгъуэ зырызу
+: псалъэухам и зы пкъыгъуэу
-: псалъэухам и пкъыгъуэ зэлъэпкъэгъуу
I: ТЗ 143 Тема 11-0-0
S: Псалъэжьыр нэгъэсын Зэманым екІур…
+: лІыфІщ
-: губзыгъэщ
-: щэныфІэщ
I: ТЗ 144 Тема 11-0-0
S: Іуэху мыублэ блэ хэсщ Мы псалъэжьыр епхащ …
-: тхыдэм
-: хабзэм
+: лэжьэным
I: ТЗ 145 Тема 11-0-0
S: Псалъэжьым и къэкІуэкІэ тэмэмщ…
+: Нэмысым насып къыдокІуэ
-: Нэмысым мылъку къыдокІуэ
-: Нэмысым цІэрыІуагъэ къыдокІуэ
**V2: ПсынщІэрыпсалъэхэр, къебжэкІхэр, нэщэнэхэр лексикэм (деловой, официальнэ документхэр)**
I: ТЗ 156 Тема 13-0-0
S: Адыгэм и нэщэнэ Бэлагъым хъыджэбзыр ебзеймэ – къригъэкІыр…
-: бзэгузехьэ хъуууэщ
-: щхьэхынэ ІэщІагъэущ
+: и фызышэр уэлбанэ хъуууэщ
I: ТЗ 157 Тема 13-0-0
S: Мы жыІэгъуэхэм щыщу псынщІэрыпсалъэщ…
+: Шыбжииплъ псы плъыжьыбзэ
-: Шыбжииплъ псы къабзабзэ
-: Шыпжииплъ псы щхъуантІафэ
I: ТЗ 158 Тема 13-0-0
S: Пащхьэр къежэхмэ адыгэм и нэщэнэщ…
-: хьэщІапІэ кІуэну
+: хьэщІэ къэкІуэну
-: хьэгъуэлІыгъуэ яІэну
I: ТЗ 159 Тема 13-0-0
S: ГъуэрыгъуапщкІуэ щыджэгукІэ жаІэ…

+: Инэмыкъуэр
-: Iэбэ дзыуэр
-: Мэл щохъур
I: ТЗ 160 Тема 13-0-0
S: ЛэжьапIэ ущыувкIэ ятх…
-: зэрызаухеиж тхылъымпIэ
-: расപискэ
+: лъэIу тхылъ
I: ТЗ 161 Тема 13-0-0
S: КъэкIуэкIэ тэмэмыр къыхэхын Iэ Iэтыным хэтыну псоми Iэмал езыт…
+: пщалъэ
-: пропуск
-: заявленэ
I: ТЗ 162 Тема 13-0-0
S: Налшык къалэ дэт Краеведческэ музейр тетщ…
+: Максим Горькэм и цIэр зезыхьэ уэрамым
-: ПащIэ Бэчмырзэ и цIэр зезыхьэ уэрамым
-: Нэгумэ Шорэ и цIэр зезыхьэ уэрамым
I: ТЗ 163 Тема 13-0-0
S: КъБКъУ-м и япэ ректору щытащ…
-: Лъостэн В
-: Къэрэмырзэ Б
+: Бэрбэч Хь
I: ТЗ 164 Тема 13-0-0
S: Адыгэ драматическэ театрым и цIэ зэрехьэ…
+: ЩоджэнцIыкIу Алий
-: КIуащ БетIал
-: КIыщокъуэ Алим
I: ТЗ 165 Тема 13-0-0
S: КъБКъУ –р къызэрызэIуахрэ илъэс 50 ирикъуащ…
-: 2008 гъэм
-: 2000 гъэм
+: 2007 гъэм
: Интернациональнэ псалъэхэу адыгэбзэм къыхыхьахэм я тхыкIэр
I: ТЗ 166 Тема 13-0-0
S: ТхыкIэ тэмэмыр къыхэхын
-: пальто
+: бэлъто
-: пэлъто
I: ТЗ 167 Тема 13-0-0
S: ТхыкIэ тэмэмыр къыхэхын
-: стакан
-: стэчан
+: стэкан
I: ТЗ 168 Тема 13-0-0
S: ТхыкIэ тэмэмыр къыхэхын
+: кIэструл
-: кэструл
-: чIэструл
I: ТЗ 169 Тема 13-0-0
S: ЦIэ зэдайхэм япыт урыс, интернациональнэ кIэух –ия, -ие-хэр адыгэбзэм щатх
-: -э-уэ
-: -ия-уэ
+: -ие-уэ
I: ТЗ 170 Тема 13-0-0
S: Урыс, интернациональнэ псалъэхэм япыт аффикс –ние, -ция-р адыгэбзэм щатх
-: -ние, -ция-уэ

+: -нэ, -цэ-уэ
-: -ия, -ие-уэ
I: ТЗ 171 Тема 13-0-0
S: Суффикс –изм зыпыт псалъэм адыгэбзэ кIэух щыпыувэкIэ суффиксымрэ –р, -м, -мкIэ, -кIэ кIэуххэмрэ я зэхуаку къыдоувэ зэзыпх
+: э
-: ы
-: е
-: о
I: ТЗ 172 Тема 13-0-0
S: ТхыкIэ тэмэмыр къыхэхын
-: советский
+: советскэ
-: советска
-: советскIэ
I: ТЗ 173 Тема 13-0-0
S: ТхыкIэ тэмэмыр къыхэхын
-: заявление
-: зэйэвленэ
-: заявленнэ
+: заявленэ
I: ТЗ 174 Тема 13-0-0
S: ТхыкIэ тэмэмыр къыхэхын
-: конференцэ
-: конференция
+: конференц
-: кIэнференцэ
I: ТЗ 175 Тема 13-0-0
S: ТхыкIэ тэмэмыр къыхэхын
+: газет
-: кIэзет
-: газетэ
**V2: Адыгэ бзылъхугъэ щэджащэхэр**
I: ТЗ 176 Тема 14-0-0
S: УсакIуэ Розенгейм итха усэ “Е Н  Нечволодовой” жыхуиIэр теухуащ адыгэ цIыхубз
-: Аиссе
-: Гуащэней
+: Сэтэней
I: ТЗ 177 Тема 14-0-0
S: Француз литературэм и классикщ адыгэ бзылъхугъэ
+: Аиссе - Хьэишэт
-: Гуащэней
-: Сэтэней
I: ТЗ 178 Тема 14-0-0
S: Иван Грознэм и щхьэгъусэу щытащ адыгэ бзылъхугъэ
-: Аиссе
+: Гуащэней
-: Сэтэней
I: ТЗ 179 Тема 14-0-0
S: Францием и тхыдэм дыщэпскIэ хэтхащ адыгэ цIыхубз дохутыр зауэр иухыху сэлэт щыгъыныр щызымыха, а къэралым и лIыхъужь
-: Аиссе
-: Гуащэней
-: Сэтэней
+: Хьэгъундокъуэ Елмэсхъан (Иринэ)
I: ТЗ 180 Тема 14-0-0
S: Сирием и лIыхъужьщ адыгэ цIыхубз

+: Уджыхъу КIунэ
-: Аиссе
-: Гуащэней
-: Сэтэней
I: ТЗ 181 Тема 14-0-0
S: «В лесу родилась ёлочка» уэрэдыр итхащ
-: Уджыхъу КIунэ
-: Аиссе
-: Гуащэней
+: Къудащ Рае
I: ТЗ 182 Тема 14-0-0
S: Француз балеринэ цIэрыIуэщ
-: Черкасскэ Марианнэ
+: Шэмырзэ Моникэ (Черинэ Людмилэ)
-: Шэрджэс Кэриман
I: ТЗ 183 Тема 14-0-0
S: Америкэм щыщ балеринэщ
+: Черкасскэ Марианнэ
-: Шэмырзэ Моникэ (Черинэ Людмилэ)
-: Шэрджэс Кэриман
**V2: Зауэм ехьэлIа лексикэр адыгэбзэм**
I: ТЗ 184 Тема 15-0-0
S: Адыгэхэм яIа Iэщэ урысыбзэкIэ  боевой топор жыхуиIэр ар
-: бжы
-: къыутан
+: сэкъауэ
-: мэIу
I: ТЗ 185 Тема 15-0-0
S: УрысыбзэкIэ  булава жыхуиIэр  адыгэбзэкIэ ар
-: сэкъауэ
+: убыдакъ
-: бжы
-: мэIу
I: ТЗ 186 Тема 15-0-0
S: Адыгэхэм зэрызахъумэж Iэщэхэм хыхьэкъым
-: мэIу
-: афэ джанэ
-: тэджэлъей
+: къыутан
I: ТЗ 187 Тема 15-0-0
S: Адыгэхэр бийм зэребгъэрыкIуэ Iэщэкъым
-: бжы
-: токъумакъ
+: мэIу
-: убыдакъ
I: ТЗ 188 Тема 15-0-0
S: Щит жыхуиIэм адыгэхэр еджэрт
+: мэIу
-: бжы
-: токъумакъ
-: шабзэ
I: ТЗ 189 Тема 15-0-0
S: Копье жыхуаIэм адыгэхэр еджэрт
-: мэIу
+: бжы
-: токъумакъ
-: шабзэ

I: ТЗ 190 Тема 15-0-0
S: Урысхэм сабля жыхуаIэ Iэщэр зытрахыжар адыгэхэм я
-: мыжурэ
-: шабзэ
+: сэблэ
I: ТЗ 191 Тема 15-0-0
S: Къамэр игъэпсынщIэн папщIэ дэха хуащIым зэреджэр
-: гъурдэ
+: жуд
-: къуаншэ
-: блэсэ
I: ТЗ 192 Тема 15-0-0
S: Адыгэхэм щIалэ цIыкIухэм къамэ зехьэкIэм, абы пыщIа хабзэ ткIийхэм хурагъэсэну жуд дэха зимыIэ къамэ джафэ хуащIт
-: илъэсипщIым
-: илъэс пщыкIутхум
+: илъэсиблым
-: илъэс пщыкIущым
I: ТЗ 193 Тема 15-0-0
S: И бэрэбаныр кIэрахъуэурэ зэрыуэм щхьэкIэ адыгэхэм а Iэщэм хужаIэрт
+: кIэрахъуэ
-: фоч
-: псынщIэрыуэ
I: ТЗ 194 Тема 15-0-0
S: Адыгэхэм къагъэсэбэп къамэ псалъэр къыхэкIащ
-: урысыбзэм
-: ираныбзэм
+: тыркубзэм
I: ТЗ 195 Тема 15-0-0
S: Адыгэхэм къагъэсэбэп джатэ псалъэр къыхэкIащ
-: урысыбзэм
+: ираныбзэм
-: тыркубзэм
I: ТЗ 196 Тема 15-0-0
S: Адыгэхэм къагъэсэбэп токъмакъ псалъэр къыхэкIащ
-: урысыбзэм
-: ираныбзэм
+: тыркубзэм
I: ТЗ 197 Тема 15-0-0
S: Адыгэхэм я бгым ищIа Iэщэу, ядзурэ иризауэу зэрахьэу щытащ
-: сэшхуэр
+: мывопцIэр
-: фочыр
I: ТЗ 198 Тема 15-0-0
S: Адыгэхэр зэрыпыджэу щыта Iэщэщ
+: бжы
-: джатэ
-: шабзэ
-: фоч
I: ТЗ 199 Тема 15-0-0
S: Адыгэхэм я Iэщэхэм щыщу къриупщIэхырт
-: бжы
+: джатэ
-: шабзэ
-: фоч
I: ТЗ 200 Тема 15-0-0
S: Адыгэхэр яшэщIыурэ ириуэу щытащ

-: бжы
-: джатэ
+: шабзэ
-: фоч

**Критерии оценивания знаний студента по тестовым заданиям**

| Сумма баллов | Критерий |
|---|---|
| ***5 баллов*** | Получают студенты, выполнившие правильно 89-100 % от общего объема предложенных тестовых заданий. |
| ***4 балла*** | Получают студенты, выполнившие правильно 70–88 % от общего объема предложенных тестовых заданий. |
| ***3 балла*** | Получают студенты, выполнившие правильно 50–69% от общего объема предложенных тестовых заданий. |
| ***2 балла*** | Получают студенты, выполнившие правильно 30-49% от общего объема предложенных тестовых заданий. |
| ***1 балл*** | Получают студенты, выполнившие правильно 10-29% от общего объема предложенных тестовых заданий. |
| ***0 баллов*** | Получают студенты, выполнившие правильно менее 10% от общего объема предложенных тестовых заданий |

***3.3. Оценочные материалы для самостоятельной работы обучающегося (задания). Контролируемая компетенция* УК-4. *Полный комплект заданий по темам содержится в издании:*.** АНЭДЭЛЪХУБЗЭ. Езауэ М.Ю., Хьэщхъуэжь З.Т1., Хэжь Л.Хь., Пэрыт Л.А., Шыгъушэ Дж.Хь., Унэл1окъуэ Л.С. Н., КъБКъУ, 2014.

Перечень типовых заданий для самостоятельной работы сформирован в соответствии с тематикой практических занятий по дисциплине «Родной язык».

**Тема: Исторические сведения о становлении адыгских народов.**

***Лэжьыгъэ.*** *Бзэхэм я генеалогическэ зэхэгъэкIыныгъэм къэбэрдей-шэрджэсыбзэм щиубыд увыпIэр къыхэгъэкIын.*

Ижь-ижьыж лъандэрэ Кавказ щIыналъэм щыпсэу лъэпкъхэм ящыщ зыщ адыгэхэмрэ абхъазхэмрэ. А зэман жыжьэм ахэр зы племие гуп зэрыгъэхъуу щытащ, я цIэ яIэжу, я бзэ яIурылъыжу. Лъэхъэнэ зыбжанэ дэкIа нэужькIэщ абыхэм я бзэр – зыбзэу щытар, щызэщхьэщыкIар, икIи адыгэбзэ, адыгеибзэ, абхъазыбзэ, убыхыбзэхэм яIэ зэщхьэщыкIыныгъэхэр къыщыхъуар иужькIэщ, дэтхэнэ зыми езыр-езыру зыщиужьа лъэхъэнэрщ.

Адыгэхэр, абхъазхэр къызытекIыжахэр, жыжьэу уIэбэжмэ, щIыналъэ ин яIыгъыу щыпсэууэ щытащ Кавказ Ищхъэрэм и кум икIи и къухьэпIэ Iыхьэхэм, тенджыз ФIыцIэм и къуэкIыпIэ Iуфэм, абы хуэдэу Малэ Азием щыщ щIыпIэхэм. ЩIэныгъэлI цIэрыIуэ И.М. Дьяконов зэригугъэмкIэ, ди эрэм и пэкIэ III, II илъэс минхэм а щIыпIэм щыпсэуащ «абхъаз-адыгэ бзэ гупым щыщ, абхъазыбзэ-адыгэбзэхэм я лъапсэгъу бзэкIэ псалъэ племиехэр». Абыхэм я щыщу ди нобэм къэса цIэхэу щытщ куэд хъу **хатт**, **каска** племиехэр, индоевропейскэ племиехэр (неситхэр, хеттхэр), а щIыпIэм къихьэхункIэ Малэ Азием щыпсэуахэр.

Хаттхэр щыпсэууэ щытащ Малэ Азием и ищхъэрэ икIи ищхъэрэ къуэкIыпIэ щIыпIэхэм (иджырей Тыркум и Кызыл-Ирман деж). Хаттхэр куэд лъандэрэ пыщIауэ щытащ древневосточнэ цивилизацэм, икIи ди эрэм и III илъэс миным щыгъуэ абыхэм я культурэм лъагэу зиIэтауэ щытащ, пасэу зэфIэува къэралыгъуэу щыту, фIыуэ гъэбыдауэ къалэ иIахэщ, абыхэм я къалэ нэхъыщхьэу Хатти щыту.

Хетт тхыгъэм къызэрыхэщымкIэ, племиехэм зэреджэ каска (кашка) -р щIэныгъэлI куэдым ирапх абхъаз-адыгэхэм пасэрей грузинхэр къызэреджэу щыта **кашаг**, урысхэр къызэреджэу щыта **касог**, хьэрыпхэр къызэреджэу щыта **кашак** псалъэхэм.

Ассирийскэ источникхэм япкъ иткIэ, каскахэм нэгъуэщIу зэрежэу щыта «абешла» е «апешлайцхэр» тохуэ абхъазхэм ижькIэ уIэбэжмэ зэреджэу щытам – **апсил**-м, грекхэр къызэреджэу щытам, **апшил**-хэм – пасэрей грузинхэр къызэреджэу щытам, *апс-уа, апш-уа* – езы абхъазхэр зэрызэджэжу щытам.

Хеттхэм я тхыгъэхэм къыщыдощIэ каск племиехэм зэреджэу щыта зы-*паххува*, убыххэр езыхэр зэрызэджэжу щыта *пёкхи, пёхи* – цIэм техуэжыр.

***Меотхэр – адыгэхэм я пасэрей лъэпкъщ (племиещ)***

Ди эрэм и пэкIэ I илъэс миным и кIэм – ди эрэм и I илъэс миным и пэщIэдзэм Кавказым и Ищхъэрэ-КъухьэпIэм щыпсэуащ куэд дыдэ хъу племиехэр, Древнэ античнэ тхыдэтххэр **меот**-кIэ зэджэу щытар. Географ Страбон къызэрилъытэмкIэ, абыхэм (меотхэм) ящыщщ **синдхэр, теоретхэр, ахехэр, зигхэр** н. Пасэрей надписхэм къызэрагъэлъагъуэмкIэ, абыхэм ящыщу, я лъапсэгъуу щытащ **фате**-хэр, **псесс**-хэр, **дандари**-хэр, **досх**-хэр, **керкет**-хэр. Ахэр иджырей адыгэхэм я пасэрей лъэпкъхэщ. Япэ дыдэу тхыгъэхэм меотхэр къыщыхэщыр ди эрэм и пэкIэ VI лIэщIыгъуэрщ, ауэ абыхэм я культурэр ди эрэм и пэкIэ VIII-VII лIэщIыгъуэхэрщ щызэфIэувар.

ЩIэныгъэлIхэм къызэралъытэмкIэ, езы «меот» псалъэр пасэрей грекхэр Азовскэ тенджызым зэреджэу щыта «Меотид»-м епхащ, абы къытекIащ. Пасэрей псыцIэхэу (псыхъуэу) **Псат, Псатий, Псехано, Псоу**, меот племие **псесс**-хэм адыгэ псалъэ «псы» хэту ябж.

Зи гугъу тщIы лъэхъэнэм къэунэхуауэ щытащ Синдикэ адыгэ къэралыгъуэр. Абы и къалащхьэт Горгиппие (Анапэ). Синдхэм тхыгъэ яIащ. Иджырей Урысейм щыпсэу лъэпкъхэм зыми а зэманым къриубыдэу тхыгъэ яIэу щытакъым. Пасэрей адыгэхэр культурэ дахэ, IэщIагъэ хьэлэмэт зиIэ лъэпкъыу щытащ. Ахэр мэкъумэшыщIэ Iэзэт, Iэщ куэд зэрахуэт, псом хуэмыдэу шы хьэлэмэтхэр, бжьэ ягъэхъурт, пхъэщхьэмыщхьэ куэд ягъэкIырт, бдзэжьей къаубыдырт, нэгъуэщI къэралхэм Iэзэу сату дащIэрт. ЖыIэпхъэщ адыгэхэм хабзэ дахэ зэрахэлъар, фащэ дахэ зэрахьэрт, зауэлI хахуэхэт, IэпщIэлъапщIэхэт.

Адыгэхэр ди зэманым лъэпкъишу гуэша хъуащ. Ахэр иджы къэбэрдей, шэрджэс, адыгей жыхуаIэ лъэпкъхэращ.

## Тема: Лексика кабардино-черкесского языка.

***Лэжьыгъэ.*** *Мы псалъэхэр мыхьэнэ зэмылIэужьыгъуэ къарыкIыу псалъэухам къыщывгъэсэбэп:*

Дыщэ, данэ, псынэпс мывэ, мафIэ, фащэ, жыр, дамэ, макъамэ, зэман, мыщафэ, фIамыщI, ларыгъу.

***Лэжьыгъэ.*** *Псалъэ къыхэгъэщхьэхукIахэр я синонимхэмкIэ зэфхъуэкIыурэ къифтхыкI. СыткIэ текстым зихъуэжми къыжыфIэ.*

*а)* Езы къурш псынэ **шкIурэжыр– щэ?** ПфIэIэфIыпсу абы щыщ Iубыгъуэхэр уи джийм щежэхкIэ, зылъэ-зылъэурэ псэ тыншыгъуэ къыпщIэтаджэм ухуэномейуэ хэт ари зи фIэщ хъунур? Уэр-уэру зэупщIыжыт! А гупсысэм и «кхъухь тедзапIэр» уи деж япэ щIыкIэ **къыщылъыхъуэт.** Жэуапыр лъэныкъуэ псомкIи **къыпхуиIукIыну** мы си псэм Тхьэ зэрыщиIуэжыр ауэ сытми къызэрыгуэкI Iуэхугъуэу къэслъытэныр сэр дыдэм игъащIэкIэ схуэмыпшыныжын гуэныхьщи, мы дунейм и захуагъэхэм я зы кIапэлъапэ фIэкIа къэмынэжамэ, а зыри уэ къызэрыплъэIэсынум сэ шэч лъэпкъ къысхутехьэнукъым. *(КI.Т.)*

*б*) Ауэ ар зэ еплъыгъуэкIэщ... Уи нэгум щIэт зэпыту узытехъуэпскIыхьыр здэкIуари здэжари умыщIэу, **щIэбзэхыкIыжыным** зыри хуэIуакъым, гумрэ псэмрэ я зэгъусэныгъэ пэжыр абы и къэрэгъулу щымыт нэужьмэ. Мис а хъумакIуитIым нэмыщIкIэ сэ сиIэщ къалэщхьэгужьу сызыщыгугъ, зы дакъикъэкIи си нэгур зэрозмыгъэбгынэным сызэрыпэщIэт къарур **зымыгъэкIуэщI.** Ар си уэрэд цIыкIурщ, ухуеймэ дапщэри жызгъэIэ. Зэ нэгукIэ пхъумэф хъуам кIуэрэ пэткIэ зыщалъхуа унэжьу уи гур къыхуэбгъэнэну **пхузэфIокI.** Ауэрэ, псэр Iэпэгъу хуохъури, а узытехъуэпсыкIыхь, уи гъащIэр щхьэузыхь зыхуэпщIар куэдрэ узэжьа зы пIэщхьагъым, ауэ зэи мыупщIыIужыну узыщыгугъым къыбдытохутэ. АтIэми, абыкIэ арэзы ухъуауэ, уи гумрэ уи псэмрэ уэ уарещанэу **фызэремытIысэхынур** уи нэгум къищыхункIэщ апхуэдэ насыпыр уи Iэрылъхьэу гъащIэм щибжыр. *(КI.Т.)*

*в*) Арыхэу, си насыпти ( уэ си нэгум узэрыщIэтыххэт), укъызэщоури уи IэплIэ зэIухарэ угуфIэжу укъысхуэкIуэу къызэрысфIэщIу, а щыткIэ гурымыхьым **зыкъыIэщIызоч,** си тэмакъри къеутIыпщыж, си гуми жьы дехужри зэхэзещхъуэн сыкъэзыщIа, зи бзэр мыпсалъэ гуприя пIэ йозэгъэж. Хьэуэ, уэ си нэгу ущIэту, а си уэрэд цIыкIур IузыщIэн къару зэрыщымыIэм сэ зэи шэч къытесхьакъым. Иджы сиш... а Iуэхум сэ фэжьIужь сыхуэхъужащ. Апхуэмыдэ гъэунэхуныгъэ 1эджи сэ гъащIэм къызищIылIэ пэтми, сыкъызызыхэмыкIыжыфын архъуанэ сыхущIэгъэмбрыуакъым, къысщысхьу арами сщIэркъым. Къысщымысхьми содэ, **лIыгъэншафэ** къызамыплъ закъуэмэ. Сэ фIэщхъуныгъэ лъапIэм лъэ быдэкIэ сыбгъэдэтщ. Псор зи фIыщIэр Алыхьырщ. Алыхьым нэужькIэ уэ си нэгум узэрыщIэт зэпытым узэрыщIэт щIыкIэм куэд, куэд дыдэ елъытащ... *(К1. Т.)*

**Тема: Стилистические особенности языка.**

***<u>Лэжьыгъэ</u>.*** *КъыхэгъэщхьэхукIа псалъэхэм я стилистическэ къалэнхэр къыжыфIэ, абыхэм я синонимхэр къэфхь.*

*а)* АрщхьэкIэ зэуэ а гъымакъыр зэпоуд: Лусэ ... ходыхьэшхыкI, къыщолъэтри къэрэкъурэ IэплIэ къефыщI. Ар къехьри Софят сымэ ябгъукIэ щыужьыхыж мафIэм трелъхьэ. Аружани Софяти иджы щысыжкъым: къыщылъэтауэ мафIэм щIагъэст, щIопщэ; къэрэкъурэр псыIэщи, япэ щIыкIэ 1угъуэбэр бзылъхугъэхэм къащIоуэ, я нэр ... Ауэ щIэхыу къолыдри мафIэ бзий нэху пщтырхэр я нэкIум къоIэ, яIэр къелыгъуэ. Сыту щытми, мафIэр нэхъри ину, ину ..., езы пщащэхэри гуфIэгъуэкIэ ..., хъуэр псалъэ зэхуадз, я гушыIэкIи зызыхуадзыж. Дэтхэнэ зыри жанщ: нэщхъыфIэщ. *(IЩ. 1.)*

*б)* Софят укIытауэ аргуэру щым хъуащ. Ар нэбдзэгубдзаплъэу икIи Iэнкуну зэ бригадирым хуоплъэкI, зэи Аружан йоплъыж...

Хьэжпагуэ мыпIащIэу къокIуэ. Гупсысэ куухэм ... къыпфIощI. Набдзэ кIыритIыр и пыIэм щыщ хъужащ, зэхэуфащ, щхьэбгъуитIри жьэпкъри етхъухащ, и жьакIэ кIырри шылэч банэ хуэдэщ, лъынтхуалъэ 1э пIащэмрэ и нэкIущхьитIымрэ зэлъа ... чыхъащ. Абы и 1э ижьым IэщIэльт улъияуэ тхыгъэ гуэр. «Масляное кольцо», – кьыхэлъэтащ Софят и гупсысэм, моторым дагъэ зэрыкIуэ щIыкIэри гузавэу игу къэкIыжащ. А гупсысэр пщащэм зэуэ IэщIэхури, Софят къыщыдэкIым Хьэжпагуэ и теплъэр зыхуэдэр къызэрыфIэщIамрэ иджы зэрилъагъумрэ куэдкIэ зэрызэщхьэщыкIыр игъэщIагъуэу и пIэ ..., Iэнкуну еплъырт. *(Щ. 1)*

*в*) Бригадэ унэм и бжэIупэм IукIри губгъуэ тафэшхуэм пхыкI лъагъуэм псынщIэу техьащ Мурид. Лъагъуэ цIыкIум и бгъуитIымкIи гъунапкъэншэу ... вагъэ фIыцIагъэхэр, къыхэжауэ дыгъэпсым зыхуэзыIэт пщIанэхэр, узыIуплъэ бжьыхьэсэ накъыгъэхэр. Лъагъуэ пхышар зытехьэ гредер гъуэгушхуэм машинэхэр щызэкIэлъопIащIэ, телефон пкъохэр щытолъэгыкI. Софят и тракторым хуокIуэж, и лъащхьэм и нэсу вагъэ щабэм пхощэт, и вакъэр лъегъэпкI, ауэ ар псори зыкIи зыхимыщIэу, Софят тафэ ... нроплъэ, лъагъуэ пхышамкIэ пIащIэу пхыкI Муридым кIэлъоплъ, вагъэ фIыцIагъэхэмрэ щIанэ щхъуантIэпсымрэ яхоплъэ. Муриди, зэрыпIащIэм хуэдэщ, ар псынщIэу макIуэ райкомым, макIуэ бюром!

**Тема: Профессионализмы. Жаргонизмы.**

***Лэжьыгъэ.*** *КъыхэгъэщхьэхукIа псалъэхэм я ехьэкIа мыхьэнэр къыжыфIэ. Сыт хуэдэ стилистическэ мыхьэнэ ягъэзащIэми къэвгъэлъагъуэ.*

*а)* Пщыхьэщхьэ пшэплъым и дыгъэ бзийхэр **еткIухыпащ уафэ напщIэм** мащIэу къыщIэплъыж къудейщ, ауэ щIылъэ лыгъэр, еджакIуэ цIыкIухэм ядза лыгъэр, иджыри мэхьэжьэражьэ. Абыхэм я бзий зеуалэхэм уащыхэплъэкIэ, еджакIуэ цIыкIухэр иджыри мыбы щызэрызехьэ къыпфIощI. Хъуреягъыр къызэщыуащ, махуэкIэ мамыр псэущхьэ **Iэджэм** я макъым зэщIищтащ. Апрель щIы Iэбжьри мащIэу, зыхэпщIэ къудейуэ псыIэу **мэпапщэ.** Ауэ ди пщащэхэм зыми гу лъатэжыркъым, щымщ, апхуэдизкIэ щымщи, ягу уэ макъыр зэхахыжу къыщIэкIынщ... *(Щ. I. )*

*б)* Сыту бэшэч атIэ щIалэгъуэр? Ныбэр щыныкъуэми, Iэпкълъэпкъыр абы жан ещI щIыфэр **щимызми,** абы зигъэшу щымыс, къыщепсэпсауэми, унейр дыгъэлу цIыхум фIегъэщI. Ах, щIалэгъуэ! – жэщырыгъэкIэщI, махуэрыщIэщыгъуэ, гурыгъу зэхэзехуэ, хуэмыхуагъ зымыщIэ! Ах, щIалэгъуэ, щIалэгъуэ! Гугъэр зи **дамэ** зыдынэмыси щымыIэ, зи **жэщ** псори нэху, махуэр зыхуэбзыгъэ, зи гугъуехь зыгъэв, мывэр зэпхызых! Ах, щIалэгъуэ, щIалэгъуэ, лейуэ нэр зыгъаплъэ, лъагъуныгъэ **плъыржьэр**, жьапщэ зигу емыуэ, уаер зымыщIэххэ! Ах, щIалэгъуэ, щIалэгъуэ!.. (*Щ. I.)*

*в)* Мыжеиуэ здыхэлъым, Азэмэт къежауэ и псэр **зыфыщI** а гупсысэ **зэмыфэгъухэм** иджы къару яIэжтэкъым — ахэр блэкIат. Дунейм тет псоми я пащтыхьыр нобэрт – дыгъуасэми щIэнэкIэф, пщэдейми пэувыф, езыр зыхуэдэ псори къызыгурымыIуэж **нобэрт**. Мис а нобэрщ езыр цIыхур псэууэ зыгъэлIэфри, лIам псэущ хужызыIэфри. А **нобэ** фIэкIыпIэншэрт Азэмэт и жейр IэщIэзыхыу зигъэкIэрахъуэу пIэм къыхэзынар. А нобэр гущIэгъуншэу къыпэувмэ, Азэмэт унэхъуат. ГущIэгъулы къыхуэхъурэ езым и **нобэу** къыщIэкIмэ – унат. Юланэ нобэ хьэлъэу сымаджэт Азэмэт гужьеят. **Пщэдейм** и Iэмырыр, Алыхьым къищынэмыщIа, зыми ищIэртэкъым Апхуэдэу зэрыщытри нэхъыфIу къыщIэкIынщ... *(Къ. М.*)

**Тема: Застольный этикет у адыгов и лексика, связанная с ним. Особенности кулинарной терминологии.**

***Лэжьыгъэ.*** *Лексикэ и лъэныкъуэкIэ Iыхьэхэм я фIэщыгъэцIэхэр къыхэгъэкIын.*

## ЩХЬЭ ЛЪЭНЫКЪУЭМ И ХЪЫБАР

Тхыдэм къызэрыхэщымкIэ, адыгэхэм пыщIэныгъэшхуэ хуаIэу щытащ Кърым тэтэрхэм. А зэпыщIэныгъэр зэи фIы и лъэныкъуэкIэ шэщIауэ екIуэкIыу щытакъым. Кърым хъанхэм АдыгэщIыр я блыгу щIагъэувэну сыт щыгъуи пылът, ар хуитыныгъэр зи гъащIэ къуэпс адыгэхэм ядэтэкъым. А зэпэщIэтыныгъэм лъыгъажэ зауэ Iэджи къикIыурэ лIэщIыгъуэ куэд екIуэкIащ. ЩызэхуэгуфIэ хъуами, я дзэлыфэ зэхуатI хъуами, зэи зэхуэфIакъым...

Зэгуэрым Кърым хъаным деж адыгэпщ гуп щыхьэщIэу хъаным къапиубыдащ: «Си къэралыгъуэм адыгэхэр фыкъыхэмыхьэу, си унафэм фыкъыщIэмыувэу хъунукъым!» — жиIэри. Щхьэхуитыныгъэр зи бжаблэ адыгэпщхэр абы езэгъакъым: «Дызэныбжьэгъумэ дызэныбжьэгъущ, арыншэмэ зыми и унафэ дыщIэувэнукъым!» — жаIэри. Апхуэдэ жэуапым хъаныжьыр къигъэгубжьащ, и хьэщIхэм я ерыщыгъэм зэгуигъэчу. ИкIи адыгэхэм нэмыплъу къарихыр къигъэлъэгъуащ и гъэхьэщIэкIэмкIэ: хъаныжьым унафэ ищIащ мо «шэрджэс IумпIейхэм адрейхэм я Iэнэм къытена нэхъ хуамыхьыну». Апхуэдэуи ящIри, зы мэл щхьэ лъэныкъуэ нэхъ псэууэ зыри зыхэмылъ IэнэкIэ шхахуэхэр къыщIахьэ. Гупым я нэхъыжьым Iуэхур зэрымыщIагъуэр къыгурыIуауэ щхьэ лъэныкъуэр къищтащ. ХьэщIэщым къизыкIукIыу щIэт тэтэрхэм адыгэбзэ зыщIэ яхэтынкIэ хъунути, тхьэкIумэр къытригъэжри нэхъыщIэм хуишиящ: «уи тхьэкIумэр гъэжан» — кригъэкIыу, и IуплъэкIэмкIэ къыгуригъаIуэу. ИтIанэ и пэнцIывыр къыпищIыкIри и къуэдзэм иритащ: «МэкIэ Iэзэу щыт, сытри зэгъащIэ, сытми гу лъытэ!» — кригъэкIыу. ИужькIэ щхьэ пхэтIыгур тIууэ зэгуищIыкIри, нэщIащэр пщы тхьэмадэм Iэнэм къыдэтIыс, и ныбжьэгъу-чэнджэщэгъум иритащ:

«Сыт и лъэныкъуэкIи уи нэр гъэжан, Iуэхур щIагъуэкъым!» — жыхуиIэу. Езым щхьэ куцIыр зэрылъыр къызыхуигъэнащ: «Сэ къэхъунум къыхэкIа зэрыхъунум сегупсысынщ, сакъын хуейщ, бэлэрыгъ хутыкъуэщ!» — жыхуиIэу.

А щIыкIэм тету псоми псори къагурыIуауэ, хъаным и унафэкIэ тэтэр сэмэнхэм адыгэпщхэр яукIыну къащытеуэм, жэщыбгым фIэкIами, зыри жейтэкъыми ахэм зэрахуэфащэкIэ IущIащ: хьэщIэщым къыщIэбэнахэр хьэдэ-лъэмыж иращIыкIащ. «Хьэхьэй-тэтейкIэ хъаным и цIыхухэр къызэщIэушэху, адыгэпщхэм яшхэм зрадзыжри, лIы укIыпIэм къикIащ. А щIыкIэм тету къела щыхъум, пщыхэм я тхьэмадэм унафэ ищIащ: «Ажалым дыкъезыгъэла щхьэ лъэныкъуэ ижьыр ди гуфIэгъуэм къыщащтэрэ хъуэхъу тражыIыхьу хабзэ тхурехъу!» — жэуэ. Пщы тхьэмадэм щхьэ лъэныкъуэр зэригуэшауэ щытар абы и гуэшыкIэу адыгэ псоми къахуэнащ.

**Тема: Адыгский фольклор.**

***<u>Лэжьыгъэ</u>.*** *Нарт лIыхъужьхэр къыхэгъэкIын.*

*Уэзырмэс*

Псатхьэр фIыкIэ зыхуеблагъэм
Ящыщ фыхъу,— фыпсэу апщий!..
Нобэ хуэдэ махуэ гуащIэм
Iуэху цIыкIуфэкIухэм лIыр текIухь,
Дауи, хабзэкъым. Аращи,
ФIэхъус псалъэр тщIынкъым кIыхь.

*Бэдынокъуэ*

Уэ нартыжьхэ ди тхьэмадэ,
Адэ палъэу Уэзырмэс,
Псэ зыIутыр зэтокIуадэ,
Нарт хэкужьри щIыIэм ес!..

*Ашэ*

Хощтхьэ гущэм ди сабийхэр.
ЖьыкIэфэкIэ димыIэж.
Мылым егъуу щIэт шагъдийхэм
Уахэплъэныр нэхъ гуауэжщ.

*Бэдынокъуэ*

Ди мэш хьэсэу сэрэбагъуэ
Зыхыхьахэр щIихъумащ.
Зи щIэ зэи дымылъагъуу
Щыта гуэнхэр нэщI тфIэхъуащ.

*Ашэ*

Нартыжь хасэр зэхуэсауэ,
Гупсысэбэр къаухэс.
Ахэм лIыкIуэ дыкъащIауэ
Аращ нобэ, Уэзырмэс.

*Бэдынокъуэ*

Мыпхуэдиз бэлыхь тшэчыну
СыткIэ нартхэ дыкъуэнша?
ЛъапсэкIуэдкIэ дигъэпшынэу,
Хэт и ней къытщыхуа?

*Уэзырмэс*
(нартыжьхэм къабгъэдохьэри)

Нартхэ!
Хэкур лIыфIхэм ящыхэдэр
Нобэ хуэдэ махуэ гуэрщ.
Гуауэр псоми ди зэхуэдэщ,—

Фи тхьэмадэри и гъэрщ...
Нобэ лIыхъухэр фыкъежьауэ
Си чэнджэщым фыщIолъэIу.
ВжесIэфынур мащIэщ, ауэ,
УпщIэ щIэщхъукъым, — фыщIэдэIу.
ЗэвгъэщIэну фыщIэхъуэпсмэ,
Къэхъуа лажьэр нывжесIэнщ.
Iэмал гуэрхэр къэвухэсмэ,
Си акъылым къыпыфщэнщ...

***Лэжьыгъэ.*** *Езыр-езыру текстыр нэгъэсыжын.*

Егупсыс... АдыгагъэкIэ сыт пщIэнт мыпхуэдэ Iуэху ухэхуамэ? Пщыхьэщхьэм иужьрей автобусымкIэ къуажэм укIуэжыну къэувыIэпIэм укъэкIуат. УвыIэпIэм уащыхуозэ уимынэIуасэ лIырэ фызрэ уэр нэхърэ нэхъыжьу. ЦIыху щIагъуэ зекIуэжтэкъыми, уайпсэлъылIэ хуэдэурэ къыбощIэ ахэр хамэ къэрал къикIа адыгэхэу, зэщхьэгъусэхэу. ЗдэкIуэнур фи къуажэм нэхърэ нэхъ жыжьэщ, ауэ автобусыр ныщхьэбэ абы нэс кIуэнукъым. А цIыхуитIыр хьэщIэ лъапIэщ. Уадыгэщ, адыгагъэ пхэлъщ, хабзэкIэ сыт пщIэну, дауэ уапыкъуэкIыну а къыпIущIагъитIым? Хабзэм тету пщIэнухэр къетхэкI автобусым фыкъыщитIысхьэжым къыщегъэжьауэ. КIыфIи хъуащ, автобусыр фи къуажэм фIэкIкъым, нэIуаси уэр мыхъумэ къуажэм щаIэкъым.

**Тема: Скороговорки, загадки, считалки в адыгских языках.**

***Лэжьыгъэ.*** *ПсынщIэрыпсалъэхэр зэгъэщIэн, гукIэ къеджэн.*

Мо бжэ къуагъым
Къуэлъ жыхапхъэр
УнащхьэмкIэ
ЩхьэпрызутIыпщыкI,
КъыщхьэпрызутIыпщыкIыж,
ЩхьэпрызутIыпщыкI,
КъыщхьэпрызутIыпщыкIыж.

Пхъэр сошэр,
Пхъыр сошхыр.

Къамылыбжьэ плъыжьыбзищым
Шыбжиищхьэ плъыжьыбзищ илъщ.

Пылым питI пыт,
Хьэмэрэ кIитI пыт?

Мо Iуащхьэ папцIэ ецIэнтхъуэхыгъуэм
Сэри сыхуецIэнтхъуэхыгъуэ?

Бадэ бадзэ къеубыдыр –
Бадэ бадзэм иреудыр.

Мо тIы къарэ тIы цыплъыр
Сэ зэрысфIэтIыкъарэ
ТIы цIыплъым хуэдэу,
Уэри пфIэтIыкъарэ
ТIы цыплъ?

Псынэ, псыбэ, бырыбищ,
Щыбырыбыр пIырыпIищщ.

Бжьахъуэм и пыIэр хуэбыхъущ,
Бжьахъуэм и вакъэр хуэмыхъущ.

БдзапцIэ пцIанэ
БдзапцIэ цIынэ,
А гъущI цIынэр
Хъун гъущI Iунэ?
Къепсыр къепсу къепсыхыжри
Къепсыр къепсри бзэхыжащ.

Бахъсэныпсым Махуэгъэпсыр
ИлъэскIэ илъэсри
Зыри къыщылъымысым
Лъэсу къэкIуэжащ.

Дыгъэ къепсым сыкъригъэпсри
Си нэпсыр ткIуэпс-ткIуэпсу
КъыщIигъэлъэлъащ.

Хъурмэ мыхъури
Хъурмэ хъуари
ХъумакIуэм ехъумэ.

Джыкъуэ щIакъуэ и къуэ
Ныкъуэдыкъуэр
Мо къуэ закъуэм екъуу дохьэ.

Жьыр щэхуу
ЩIехур щихум.

Мо банапцIэм сыкъелъэ-сынелъэ,
Мо баналъэм сыкъепкIэ-сынепкIэ.

ПхъащIэ хьэщIэм
ИщIа гущIэм
ВыщIэ щIищIэри
НэщIу, пIащIэу
ПхащIэм кIуащ.

***Лэжьыгъэ.*** *Мы къуажэхьхэр нэвгъэс, зыхуэныкъуэ псалъэхэр пывгъэувэжурэ:*

Абрэмывэм зегъазэри…
Бгырыпхыбгъуэ…
Быныр зыгъашхэу…
Дадэ и жьак1эр мэуфафэри…
Ди бжыхь джабэ…

**Тема: Адыгские игрища и терминология, связанная с ними.**

***Лэжьыгъэ.*** *Мы сабий джэгукIэхэм зэрыджэгу щIыкIэхэр къэхутэн.*

**Бзу** – воробей (детское развлечение).
**ГъуэрыгъуапщкIуэ** – игра в жмурики (прятки).
**Дыгъужьбацэ** – лохматый волк (название детской игры).

**Дзыгъуэ – джэду** – мышка – кошка (название детской игры).

**КIэнджэгу** – игра в кости, бабки (название детской игры).

**КъуакIэдэнэ** – название детской игры.

**Лъэтеувэджэгу** – название игры в честь того, что ребенок начал ходить.

**ПыIэзэфIэхь, пыIэехьэжьэ** – национальная детская игра (дети

**ПыIэзэхуэдз** – детская игра: игроки одной команды перебрасывают шапку друг другу, противники пытаются отобрать ее у соперников.

**Топджэгу** – национальная детская игра в мяч.

**Тема: Военная лексика в адыгском языке.**

***<u>Лэжьыгъэ</u>***. *ФIэщыгъэцIэхэр зэхэгъэкIын*

**Афэ** – кольчуга, жыр тхьэгъу цIыкIуурэ зэрылъу щIа джанэ (Iэщэм зыщахъумэн папщIэ, пасэ зэманым зауэлIхэм зыщатIагъэу щытащ)

**Бжы** - копье, зэрыпыджэ пасэрей Iэщэхэм ящыщу,зи пэм гъущI папцIэ фIэлъ пхъэ яе кIыхь.

**Бзэ** – тетива лука, пасэ зэманым зэрахьэу щыта шабзэм шэщIауэ илъ кIапсэ, бзэпс.

**Гын** – порох, фочышэ, топышэ сытхэр къэуэн папщIэ зэраузэд пкъыгъуэ.

**Джатэ** – меч, и лъэныкъуитIри жану, зэрызауэ, къызэрыраупщIэх сэшхуэ.

**ДжатэпIэ** – ножны, джатэр зэрылъ сампIэ.

**ДжатэIэ** – ручка сабли.

**Жуд** - къамэр игъэпсынщIэн щхьэкIэ дэхыпIэ хуащIыр.

**Ержыб**- ипэкIэ зэрыуэу щыта фоч лIэужьыгъуэм зэреджэ.

**КIакхъу** – курок, Iэщэм ( фочым, кIэрахъуэм, автоматым) и шэтеуэр зыутIыпщ Iэпэ.

**КIэрахъуэ** – револьвер, пистолет. ФокIэщI лъэпкъ.

**КIэрахъуалъэ** – кобура, хъумпIырэ.

**КIэрахъуэпс** – кIэрахъуэм и дакъэм ищIа фэ кIапсэ псыгъуэ.

**КIэхусэ** – название богатырского меча.

**Къамэ** – кинжал, Iэщэу къагъэсэбэп сэ лIэужьыгъуэ, лъэныкъуитIымкIи дзэ иIэу, и пэр папцIэу.

**КъамапIэ** – ножны кинжала, къамэр зэрылъ, бгырыпхым кIэрыщIауэ зэрахьэ хъуурэ.

**КъамэкIэпышхэ** – наконечник ножен кинжала, къамапIэр быдэ, дахэ хъун папщIэ, сэмбым ещхьу и кIапэм фIащIыхьыр.

**КъамэщIэлъысэ** – подкинжальный нож, къамапIэм илъ пхъэмрэ, абы тебза фэмрэ я зэхуакум дэгъэлъэдауэ зэрахьэ сэ цIыкIу.

***3.4.* Темы рефератов по дисциплине «Родной язык» (контролируемая компетенция УК-4)**

1. Адыгэбзэм и говорхэр, абы ирипсалъэхэр щыпсэу щIыпIэхэр.
2. НэгъуэщIыбзэхэм къикIыу къыхыхьахэр.
3. Омонимхэр, омографхэр, омофонхэр, омоформэхэр къэбэрдей-шэрджэсыбзэм.
4. Стиль и лъэныкъуэкIэ адыгэбзэр къызэрыхэбелджылыкIыр.
5. Адыгэ тхыбзэм и жыпхъэхэр.
6. Адыгэм я фIэхъусхэр, абыхэм я мыхьэнэр.
7. КъызэрыгуэкI псалъэкIэр (зэмыщхь Iуэхугъуэхэм елъытауэ).
8. Наукэм и кIуэцIкIэ, къызэрыгуэкI гъащIэм щедгъэкIуэкI зэдауэныгъэхэр, къэдгъэсэбэп Iэмалхэр.
9. Щхьэж зыхуеджэ бзэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэ хуэзыщIа адыгэ цIыху гуэрым теухуауэ къэпсэлъэныгъэ гъэхьэзырын.
10. Зы просветитель хэхам ехьэлIауэ къэпсэлъэныгъэ гъэхьэзырын.
11. Иджырей адыгэ фащэр

12. ХьэгъуэлIыгъуэм ехьэлIа лексикэр
13. Адыгэ махуэгъэпсымрэ, абы хабзэрэ дауэдапщэу епхахэмрэ.
14. ЦIыхубз образу нарт эпосым узыщрихьэлIэхэр.
15. Адыгэхэм къахэкIауэ дуней псом щыцIэрыIуэ бзылъхугъэ.

***Критерии оценки реферата:***

*«отлично» (7-8 баллов)* ставится, если выполнены все требования к написанию и защите реферата: обозначена проблема и обоснована её актуальность, сделан краткий анализ различных точек зрения на рассматриваемую проблему и логично изложена собственная позиция, сформулированы выводы, тема раскрыта полностью, выдержан объем, соблюдены требования к внешнему оформлению, даны правильные ответы на дополнительные вопросы. Обучающийся проявил инициативу, творческий подход, способность к выполнению сложных заданий, организационные способности. Отмечается способность к публичной коммуникации. Документация представлена в срок. Полностью оформлена в соответствии с требованиями

*«хорошо»* (*5-6 баллов*) – выполнены основные требования к реферату и его защите выполнены, но при этом допущены недочёты. В частности, имеются неточности в изложении материала; отсутствует логическая последовательность в суждениях; не выдержан объём реферата; имеются упущения в оформлении; на дополнительные вопросы при защите даны неполные ответы. Обучающийся достаточно полно, но без инициативы и творческих находок выполнил возложенные на него задачи. Документация представлена достаточно полно и в срок, но с некоторыми недоработками

*«удовлетворительно»* (*4 балла*) – имеются существенные отступления от требований к реферированию. В частности, тема освещена лишь частично; допущены фактические ошибки в содержании реферата или при ответе на дополнительные вопросы; во время защиты отсутствует вывод. Обучающийся выполнил большую часть возложенной на него работы. Допущены существенные отступления. Документация сдана со значительным опозданием (более недели). Отсутствуют отдельные фрагменты.

*«неудовлетворительно»* (*менее 3 баллов*) – тема реферата не раскрыта, обнаруживается существенное непонимание проблемы. Обучающийся не выполнил свои задачи или выполнил лишь отдельные несущественные поручения. Документация не сдана.

## 4. Вопросы к зачету по дисциплине «Родной язык»

| **№** | **Вопрос** | **Код компетенции (согласно РПД)** |
|---|---|---|
| **1.** | Бзэхэм я генеалогическэ зэхэгъэк1ыныгъэм адыгэбзэм щиубыд увып1эр. | УК-4 |
| 2. | Къэзыгъэщ1а лъэпкъ къудамэхэр. | УК-4 |
| 3. | Адыгэхэр, абыхэм я псэуп1эу щытахэр. | УК-4 |
| 4. | Адыгэбзэм и диалектхэмрэ говорхэмрэ. | УК-4 |
| 5. | Адыгэбзэм и1э щхьэхуэныгъэхэр. | УК-4 |
| 6. | Адыгэбзэхэм зэдай лексикэр. | УК-4 |
| 7. | Нэгъуэщ1ыбзэхэм къик1ыу къыхыхьахэр. | УК-4 |
| 8. | Жьы хъуа псалъэхэр. | УК-4 |

| | | |
|---|---|---|
| 9. | Псалъэщ1эхэр. | УК-4 |
| 10. | Профессиональнэ лексикэр. | УК-4 |
| 11. | Синонимхэр, антонимхэр, полисемиер. | УК-4 |
| 12. | Омонимхэр, омографхэр, омофонхэр. | УК-4 |
| 13. | Узыхэхуэ 1уэхугъуэ зэмыщхьхэм тегъэпсыхьа псэлъэк1э. | УК-4 |
| 14. | Адыгэбзэ алфавитым и тхыдэр. | УК-4 |
| 15. | Нобэрей алфавитыр. Упщ1эхэр. | УК-4 |
| 16. | Вокализм. Макъзешит1 зэк1элъык1уэу щатхыр. | УК-4 |
| 17. | Консонантизм. Хьэрф дэк1уашэхэм я тхык1эм и1э щхьэхуэныгъэхэр. | УК-4 |
| 18. | Нэгъуэщ1ыбзэхэм къик1ыу адыгэбзэм къыхыхьа псалъэхэм я тхык1эр. | УК-4 |
| 19. | Стиль и лъэныкъуэк1э адыгэбзэр къызэрыхэбелджылык1ыр. | УК-4 |
| 20. | Адыгэм я ф1эхъусхэр. | УК-4 |
| 21. | Абыхэм я мыхьэнэр. | УК-4 |
| 22. | Къызэрыгуэк1 псалъэк1эр (зэмыщхь 1уэхугъуэхэм елъытауэ). | УК-4 |
| 23. | Пычыгъуэ. Ударенэ. | УК-4 |
| 24. | Адыгэбзэм и фонетическэ принципхэр. | УК-4 |
| 25. | Адыгэбзэм и морфологическэ принципхэр. | УК-4 |
| 26. | Хьэрфышхуэк1э кърагъажьэхэр. | УК-4 |
| 27. | Наукэр дуней псом, ди къэралым, университетым. | УК-4 |
| 28. | Зэрызэхуагъазэ псалъэ. | УК-4 |
| 29. | Наукэм хэлъхьэныгъэ хуэзыщ1а адыгэхэр (Интернетыр къагъэсэбэпурэ). | УК-4 |
| 30. | Псалъэ занщ1эр. | УК-4 |
| 31. | Адыгэ просветительхэр. | УК-4 |
| 32. | Вводнэ элементхэр псалъэухам зэрыщатхыр. | УК-4 |
| 33. | Адыгэхэм я хабзэхэр. | УК-4 |
| 34. | Адыгэ фащэ. Хабзэ и лъэныкъуэк1э мыр зэрыгъэпсар. | УК-4 |
| 35. | Щ1алэгъуалэм нобэ я теплъэр. | УК-4 |
| 36. | Псалъэухам къыхагъэщхьэхук1 1ыхьэхэр. | УК-4 |
| 37. | Адыгэ 1энэм къыщек1уэк1 хабзэхэр. | УК-4 |
| 38. | Хъуэхъухэр. | УК-4 |
| 39. | Запятой щагъэувыр. | УК-4 |

| | | |
|---|---|---|
| 40. | Адыгэ шхыныгъуэхэр. | УК-4 |
| 41. | Тире, двоеточие щагъэувыр. | УК-4 |
| 42. | Хьэщ1эм к1элъызэрахьэ хабзэхэр. | УК-4 |
| 43. | Зэрыупщ1э нэгъыщэ щагъэувыр. | УК-4 |
| 44. | Нэхъыжьым адыгэхэм хуащ1 пщ1эр. | УК-4 |
| 45. | Нэхъыжьым адыгэхэм хуащ1 нэмысыр. | УК-4 |
| 46. | Хэ1этык1а нагъыщэ щагъэувыр. | УК-4 |
| 47. | Хьэгъуэл1ыгъуэмрэ нэщхъеягъуэмрэ епха хабзэхэр. | УК-4 |
| 48. | Лексикэр. | УК-4 |
| 49. | Скобкэхэр щагъэувыр. | УК-4 |
| 50. | Адыгэ махуэгъэпсымрэ. | УК-4 |
| 51. | Абы хабзэрэ дауэдапщэу епхахэмрэ. | УК-4 |
| 52. | Нарт эпосыр. Абы и пшыналъэхэр. | УК-4 |
| 53. | Псалъэр зэхъуэк1а зэрыхъу аффиксхэм я тхык1эр. | УК-4 |
| 54. | Адыгэ хъыбарыжьхэмрэ уэрэдыжьхэмрэ. | УК-4 |
| 55. | Псалъэ къэзыгъэхъу аффиксхэм я тхык1эр. | УК-4 |
| 56. | Паремиологиер адыгэбзэм. | УК-4 |
| 57. | Фразеологиер адыгэбзэм. | УК-4 |
| 58. | Ц1э гъэк1эщ1ахэр, аббревиатурэ. | УК-4 |
| 59. | Псынщ1эрыпсалъэхэр – адыгэбзэм. | УК-4 |
| 60. | Къуажэхьхэр – адыгэбзэм. | УК-4 |
| 61. | Документхэм, тхылъхэм я ухуэк1эр. | УК-4 |
| 62. | 1уэхущ1ап1эхэм ирагъэхь тхылъымп1эхэр адыгэбзэк1э зэратх щ1ык1эр. | УК-4 |
| 63. | Налшык дэт музейхэр. | УК-4 |
| 64. | Къэбэрдей драматическэ театрыр. | УК-4 |
| 65. | КъБКъУ-м и музейр. | УК-4 |
| 66. | Университетым и тхыдэр. | УК-4 |
| 67. | Адыгэхэм я джэгук1эхэр. | УК-4 |
| 68. | Ц1э унейхэм я тхык1эр. | УК-4 |
| 69. | Спортым зи ц1э щызыгъэ1уа адыгэхэр. | УК-4 |
| 70. | Интернациональнэ терминхэр адыгэбзэм. | УК-4 |
| 71. | Нобэрей щ1алэгъуалэмрэ хабзэмрэ. | УК-4 |
| 72. | Ц1ыхубз пшэрыхь хущанэ. | УК-4 |

| | | |
|---|---|---|
| 73. | Бзэм зезыгъэужь лэжьыгъэхэр. | УК-4 |
| 74. | Зауэмрэ мамырыгъэмрэ ехьэл1а лексикэр - адыгэбзэм. | УК-4 |
| 75. | Нобэрей щ1алэгъуалэм я псэук1эр. | УК-4 |